Хъизаналъго цIализе журнал

# МагIарулай

№ 4 / 2024
ISSN 0132-9634



## ГIайна ГIабдулгIазизова

*Киналъухъго баркала къисматалъе*

Заманцояй
Тарих
Исан
СВО
Театр

«Женщина Дагестана»
***на аварском языке***
№ 4/2024
***Учредитель:***
Агентство информации и печати
Республики Дагестан
***Главный редактор***
Х. А. Шамилова j-dag@mail.ru
***Редакционная коллегия:***
***заместитель главного редактора***
С. Х. Булгаева sulgi65@mail.ru
***Ответственный секретарь***
Н. М. Керимова kerimk@mail.ru
***Редактор русского выпуска***
Г. Х. Асадулаева musaeva_gulnara@mail.ru
***Редактор аварского выпуска***
Б. Ш. Мухидинова bahu4y@mail.ru
***Редактор даргинского выпуска***
П. Г. Вагидова vagidova.2024@mail.ru
***Редактор кумыкского выпуска***
П. Х. Хайбуллаева bike-1970@mail.ru
***Редактор лакского выпуска***
А. Ю. Абдурахманова delia25@mail.ru
***Редактор лезгинского выпуска***
Н. Н. Ибрагимова shikhnabieva1981@mail.ru
***Редактор табасаранского выпуска***
С. М. Исрафилова suvaynat@mail.ru
***Корреспонденты:***
А. Тажудинова
В. Ратенкова
Р. Бакидов
***Заведующая редакцией***
С. М. Гамзатова
***Художественный редактор***
Г. А. Курбан-Адамова guleymat@mail.ru
***Адрес редакции и издателя:***
367018, Республика Дагестан,
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
j-dag@mail.ru; zhenshina_dag@e-dag.ru
Журнал отпечатан в типографии:
ГАУ РД Издательский дом «Дагестан».
г. Махачкала, пр-т Насрутдинова, 1а.
***Телефоны редакции:***
65-00-36, 65-00-37, 65-00-39, 65-00-40.
Официальный сайт
журнала «Женщина Дагестана»:
женщинадагестана.рф
Дата выхода в свет 29.08.2024 г.
Формат бумаги 70 x 100 1/16.
Объем: 5,5 усл. печ. л.
Заказ № 0807. Тираж (3433) 548 экз.
Журнал для семейного чтения. Издается с 1957 г.
Выходит на аварском, даргинском, кумыкском, лакском, лезгинском, русском, табасаранском языках один раз в два месяца.
Свидетельство о регистрации СМИ ПИ № ТУ05–00429 выдано Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан.

***Арт-директор*** - Моллакаев М. Ю. (MagHazar)
***Фотограф*** - Курбанов Б. Д.

# *Журналалда руго:*

2. Заманцояй
***Киналъухъго баркала къисматалъе***

6. Фоторепортаж
***Санайилаб кӀудияб Авар руцӀцӀен***

8. СВО
***Нилъер киназулго цо къиса буго...***

12. РакӀалдещвей
***АхӀмадхангун дандчӀваял***

14. Литературияб гъумер
***ГӀадалаб махсаро***

16. ЧӀужугӀадан сиясаталда
***Рагьараб хӀакъикъат***

20. ГӀумруялдаса лъугьа-бахъин
***Къисмат***

22. Нилъер букӀинесеб
***Киназего рекъел гьарулей Мира!***

26. Искусствалъул гӀадамал
***Кинабго байбихьула рекӀел тӀиналдасан...***

30. ШигӀрияб бокӀон
***Зулейхат Мусаева***

32. Тарих
***ТӀарихалда лъалкӀ тарал магӀарул руччаби***

36. Театр
***Ниж квалквадула рухӀияб дунялалда***

40. Инсан
***Рахьдал мацӀ – дир ватӀаналъул рухӀ***

44. Туристалги нилъги
***Операция «Кето»!***

46. Пагьму-гьунар
***Парижалда кечӀ-бакъан...***

50. Къарнуялъул инсан
***ЛъикӀлъиялъул нухдасан***

54. Гьал рукӀана тӀоцересел
***Дида мун ракӀалда йиго, эбел***

57. Специальный выпуск
***Дагестан вписал в свою героическую историю еще одну победу***

На обложках:
I –Айна Абдулазизова
III – Муху Алиев



Исана, багIарараб риидалил къоялъ, Дагъистан дандчIвана, къогогIан чиясул рухI босун араб, кIудияб къварилъигун. ГIадамалилан абизе бегьуларел, вахIшиял жанаварал, нилъеда – дагъистаниязда гьоркьоб рагъ-кьал багъаризабизе, гьабулелде рачIинчIо. Амма гьеб къварилъиялъ нилъ жеги цолъизаруна.

Инсанасул ихтиярал цIунулел органалъулаз гьел бандитал хехго кверде росана, зарал гьечIеллъун гьаруна ва ахIвалхIал жидерго хъаравуллъиялде гъоркье босана. Амма гьелъухъ кьуна кIудияб багьа. Къоло цо жаназа – гьеб буго цIакъго кIудияб багьа, гIорхъолъа арал бандитал гIодоре руссинаризе кьураб. Щибав чи – тIубураб дунял, гIумруялъул багьа – дунял-гIалам!

РекIелъ кIудияб къварилъигун къабул гьабизе кколеб буго – гьанжесалаги ракълилаб гIумру цIуниялъе гIоло жидерго гIумру кьуна полицейскиязги гIадатал гIадамазги... Лъиданиги бичIчIулареб гIадин, гъваридго бичIчIула руччабазда гьел васал чIварал улбузул къварилъи... Гъваридаб пашманлъиялъул зигара балеб буго, сабру кьеги гьезул гIагарал-божаразе. Терроризмгун нилъер республика дандчIвараладаса 25 сон иналда бан, Дагъистаналъул ТIоцевесев Президент МухIу ГIалиевас нилъер журналалъе кьураб интервьюялда бицунеб буго, гьелъул цIехрех гьабулез бицунго кIудияб кIвар кьунила дагъистаналъул халкъалъул гIаммаб бахIарчилъиялде ва хIинкъи-къай гьечIолъиялде. Цо рахъалъан босани, гьеб бичIчIула. Цогидаб рахъалъан: кидаго цохIо бахIарчилъи – багьадурлъиялъул, цо чи гIадин рахъана тушманасде данде, – йилан бицунеб бугони, гьелъ тарих мекъса сверизабизе, къачIа-кIатIаяца гьел гъалатIал такрарлъизеги рес буго. МухIу Гьиматович балъгощайих вукIун вугилан абизе бегьула. Интервью, гьаб къварилъи ккелалде цересел къояз, 2024 соналъул 23 июналъ хъван букIана. Амма Дагъистан цоги нухалъ дандчIвана гьес интервьюялда рицарал гъалатIазул нахъисеб рахъгун.

Дагъистан кидаго букIана кинабго миллатазда гьоркьоб вацлъи, гьудуллъи цIунараб республика. Нилъ руго цо халкъ ва киданиги гьеб хисизе гьечIо. Нилъер жамгIият цолъизе ккола, тIокIаб киданиги гьединаб вахIшилъигун ва къварилъигун дандчIвачIого букIине.

Нилъеца нахъа тела киналго захIмалъаби ва тIегьазабила Дагъистан!



Хамис Шамилова,
*бетIерай редактор*


ГIайна
ГIабдулгIазизова

# КИНАЛЪУХЪГО БАРКАЛА КЪИСМАТАЛЪЕ

***Перс мацIалдасан буссинабуни, ГIайна цIаралъул магIна ккола «матIу гIадай яцIцIадай» абураб. ГIадада гуро дир героинаялда гьединаб цIар лъураб…***

***Байбихьи***

Гьаюна Алжанат – ГIайна Мурадбековна ГIабдулгIазизова Бабаюрт районалъул Бабаюрт росулъ, умумул рукıана Болъихъ районалъул ГIалахъа. ГIагараб росдал школаги лъугIизабун цIализе лъугьана Хасавюрталъул педагогикияб колледжалъул физкультураялъул факультеталде, заочно цIалун лъугIизабуна Дагъистаналъул Пачалихъияб Педагогикияб Университеталъул социалияб педагогикаялъул факультетги. ЦIалун яхъиндал гIагараб колледжалда преподавательлъунги, цадахъго Хасавюрталъул культураялъул централдеги хIалтIизе ахIула гIолилай. 2003 соналъ лъугьана, жакъа къоялдаги хIалтIилей йигеб, «Спартак» культураялъул централда.

ГIайна ккола директорасул заместитель ва «ДИВИСИ» студентазул вокалияб къокъаялъул художественнияй нухмалъулей. РегIел гьечIолъиялъухъ балагьичIого, гьелъ МахIачхъалаяда лъугIизабуна маданияталъул ва искусстволъул Институт. ГIайна цIакъ жигарай инсан йиго. Жиндир заманалда гьей кколаан Дагъистаналъул руччабазул тIаса бищараб командаялъул гIахьалчIужу. Анлъго соналъ тIатIалаго «МагIарулай» фестивалалда бергьараздасан гIуцIараб къокъаялъул художествениял хIаракатчагIаз «Красота. Грация. Идеал» руччабазул спорталъул тIолгороссиялъулаб фестивалалда росана цересел бакIал. Жийго ГIайнаги бергьун йикIана гьезул цоялда «Мисс идеал» номинациялда.

***ГIайнахъ гьоболлъухъ***

Инсан лъикI лъазе ккани, щвезе ккола гьесухъе гьоболъухъ. Дицаги гьедин гьабуна: бокьун букIана лъазе кин дир героинаялъ гIумру гьабун бугебали, кинай гьей хъизамалъулаб гъасда йигеяли…

Дида дандчIвай гьабуна рази-ракиго. Мина тIубанго бан лъугIун гьечIониги, гIиси-бикъинал г1унгут1абаз ХIизбулаевазул гьалбал хирияб рукъалъул нур ссвинабичIо. Гьалбадерил рукъ-гостиная буго унго-унгояб музей! Гьаниб ГIайнаца бакIарун буго аралъул, Дагъистаналъул маданияталъулгун тарих-гIадатазул бицунеб къайи-цIа. Щибаб тIагIел ГIайнае буго хирияб ва щибалъул буго жиндирго къиса…

Гьуинаб хаба-чIабаралда дида лъана чIужугIаданалъул рекIелъ бахчаралъул, анищазул.

– Школалдасанго дие бокьулаан кучIдул гьаризе, ахIизе, цинги хъвалаан гьезие бакъналги. Гьайбатаб букIинеселъул анищал гьарулаан. Цин бокьун букIана юристлъун яхъине, хадуб-бухгалтерлъун, цинги-гIадамазул гIумру хвасар гьабулей тохтурлъун. КIудияй гIунагIан планал хисана… Ва гьале дун маданияталъул КIалгIаялда.

Нижер буго кIудияб, гъункараб ва творчествалъулаб коллектив. Щибаб санайил нижер гIуцIиялда рагьула лъималазул творческиял гьунарал загьир гьарулел студиял. Дие цIакъ бокьула гьезул театралиял постановкабазе сценариял хъвазе ва гьел лъезе.



Цадахъ лъугьун нижеца аза-азар гьалбадериеги шагьаралъулазеги рихьизарула церерахъинал. Аслияб кӀвар кьола ватӀан, гӀадан вокьиялъул рухӀалда лъимал куцаялде.

Дир аслияб бергьенлъи ккола хъизам, хӀалтӀи ва, узухъда, гьудулзаби. Дида сверухъе гӀемер руго рази-ракиял ва ракӀ бугел гӀадамал. Цоги бокьулеб иш буго дирсуратал рахъи. Щибаб къойил радал дица телефоналде рахъула берцинал минаби, гӀадамал, къватӀал. Лъола социалиял гьиназда ва щола гӀемер чиясул рецц-бакъ. ГӀемер суратал руго дир галереялда, гьезул цӀикӀкӀунисел -этностилалда. Нижер маданияталъул кӀалгӀаялде жанире лъугьунеб бакӀалда буго суратазул стенд, гьеб буго миллияб культураялъул гьитӀинабго музей гӀадаб бакӀ. Дица гьеб стендалда лъун руго мугӀрузул чӀужугӀаданалъул сипаталда ругел ясазулги руччабазулги суратал. Гьеб цӀун бахъун буго. Нижехъе рачӀарал цӀакъ рохула гьелда жидерго ва лъалел-хъвалезул суратал рихьидал. ЧанцӀулго гӀахьаллъи гьабуна шагьаралъул фотовыставкабазда ва къецазда. Бергьунцин йикӀана! Дие цӀакъ бокьула миллияб партал. Мисалалъе, гормендо. Диргоги руго жакъаселги, ункъогоялдасаги сон бaралги шалал. Дицаго гьарула гарбида ралел подвескаби, кӀилкӀал, рачалаби. Йохула тадбиразда дир хӀалтӀабиги ран къачӀарал руччаби рихьидал. Цойги дир загӀипаб бакӀ-некӀсияб цӀа-рагӀ. ГьитӀинаб тӀагӀелалдасаги йохула, дирго «Рукъ-музеялда» (гьедин абула гьудулзабаз) лъезе щвараб.

Дир гӀумруялъул кредо-дидехунго бокьилеб букӀараб гӀадаб бербалагьи гӀадамаздехун гьаби,щивасухъ гӀенеккизе лъай ва кӀвараб кумек гьаби.

Кидаго Аллагьасе рецц гьабула дир бугебщиналъухъ. Бокьилаан дир лъималазе лъикӀаб цӀалиги хӀалтӀиги щвезе, лъималазул лъимал рихьизе гӀумру батизе.

Бокьула дирго хӀалтӀи! Гьелъ дие къуват кьола, кинабго гъираялда гьабула дица. Дида сверухъ руго лъикӀал гӀадамал, дунги гьездехун лъикӀай йикӀуна. ГӀадатлъи, гӀаданлъи ва ритӀухълъи руго инсанасулъ бищун лъикӀал хасияттал. Дие гьудул ккола мугъзада нахъасан дун цӀунулев чи. Дунгоги цӀакъ ритӀухъай йиго гьудуллъиялъе.

Дир гьудул-гьалмагълъиялъул буго лъикӀаб гӀадат- ниж щибаб гӀодобкъоялъул радал чаялъул чашкаялда нахъа данделъула дир дора.

ТалихӀай йигищ дун? Узухъда! БетӀергьанчи Рустамица дие сундулъго кумек гьабула, гьев вуго цӀакъ бичӀчӀи бугев, лъикӀав чи, гӀунгутӀаби нижеца цадахъ лъугӀизарула.

Рос вуго бакӀал ралев, азбаралъуб гьабурабщинаб берцинлъи гьесул захӀмат ккола. Ниж цадахъ рахъун чӀана хӀатӀазда, букӀана замана дун ункъго хӀалтӀудаги хӀалтӀун, ас кирпичги къотӀун рукъзал ралеб рукӀарабги. Лъабго лъимал руго нижер-кӀиго васги цо ясги. ГьитӀинго малъула гьезда кӀудиязул адабги, диналде, ватӀаналде рокьиги цӀунизе.

Бугищ ракӀ бухӀараб? Эбелалъ хӀухьел цӀан гӀорцӀичӀолъи, цӀалулаго, хӀалтӀулаго, дирго хъизам гьабулаго, гьелда аскӀое дун гӀодоркъояз гурого щолароан. Амма цӀакъ бокьун букӀунаан къвалакь гьейги

ккун цо кибе букIаниги хIухьбахъиялъе ине, батIияб шагьаралъул санаториялда гьейгун цадахъ йилизе. Рукъ хирияй инсан йикIиналъ гьей киениги къватIие яхъинаюн бажаруларoан. ХIал гьабунги ячинчIого тезе бегьуларoан хIухьбахъиялъе! ЦIакъ ракI бухIун буго. Эбелалде ракIги щун буго. Кидаго чIаго йикIинин толаан....

Дирго лъималазулги диде гьединабго бербалагьи бокьилаан. Бищун талихIал чагIи руго умумул чIаго ругел гIадамал. Лъабго нухалъ цIикIкIун кье гьезие заман, гогьдаризаре, доз лъимерлъуда нужго гIадин.

Щиб гIолеб гьечIеб жакъасел руччабазе? ЧIужугIаданлъи. Гьел хIалтIилел руго радалалдаса бакъинегIан ва кIочон толел руго жалго жидедаго. Бокьилаан гьезулъ хIеренлъи, къадру-ас лъугIичIого хутIизе ва гьел кидаго руччабилъун рукIине!

Дун йиго патриот! Дие цIакъ бокьула дирго улка, республика, шагьар!

Нилъеца цIунизе ва цебетIезабизе ккола чияраб гуреб, нилъерго миллияб хасլъи.

ГIайнал руго гIемерал республикаялъул культураялъул ва миллияб политикаялъул министерствабазул, хIукуматалъул, шагьаралъул администрациялъул грамотаби. ЦIар гьечIо, амма гьеб щвеялда дир кинаб бугониги щаклъи гьечIо.

...Бокьун букIинчIо нахъе ине, амма ккана. Цадахъ босана гьаб хинаб рукъалъул рокьулги, парахалъиялъулги, рахIаталъулги гьитIинабго кесек.

***Атия Аджиева,***
***Россиялъул журналистазул Союзалъул член, Хасавюрт шагьар***






# Санайилаб кIудияб Авар руцIцIен












Авар мацIалъул мугIалимзабазул цолъиялъ 2024 соналъул 10–11 августалъ Шамил районалъул Гьолокь росдада аскIоб рохьил рацIцIалъиялда, Хъизаналъул сон кIодо гьабун тIобитIараб, «ДИР ХЪИЗАН – ДИР ХЪАЛА» абураб VI КIудияб Авар РуцIцIеналдаса фоторепортаж.



# Нилъер киназулго цо къиса буго…



**ХIалакун нижеца тIад мухъал хъвараб,**
**Къисматалъ мугъру чIван тана анкета.**
**ГIумрудул байбихьи, гьоркьоблъи, ахир**
**Къисматалъ къан ккуна, миккил кьалбаллъун.**

*Борис Слуцкий*

Дир тIоцебесеб «гIадамалъе яхъин» лъугьана 2024 соналъул 7 марталда – гьеб букIана СВОялда чIваразул хъизамалгун дандчIвай. РакI унти гурого гьенибги бихьилин йикIинчIо, амма дунго къварилъахъдиялдаса хIинкъун, кидалъагIан дица вас вахчун телев? Баркала дандчIвай гIуцIаразе (МахIачхъалаялъул Советияб районалъул администрация) ниж, васал къурбанлъараздехун гьабураб цIобалъулаб, хIеренаб бербалагьиялъухъ, нижер къварилъи бичIчIаралъухъ.

Дун жидерайлъунго лъугьана чIегIераб ратIлилъ тIерхьарал руччабазул руккалилъ. Дой Буддаясухъе жиндир хварав вас чIаголъизавеян ячIарай эбел кинигиl. Къварилъи камураб рокъоса мугь босун ячIани гьавилин букIун буго долъие жаваб. Дирго гIадаб ками ккаразухъ гIенеккиялъул, гьезулгун хабар бициналъул, унго, дие батараб кIвар! .... Нижеца, гIодун-руцIцIун, бикьана цоцазде къварилъи, бицана нижерго васазул, кин гьезул кьогIаб хабар щиялда лъарабали. Бихьарасда гIадин лъикI лъидаха гьеб бичIчIилебги… БичIчIунги бокьиларо, биччанте ниж рукIине лъимал рукъарал ахирисел улбуллъун! ЧIагоязе – чIагого те! ДандчIваялда ниж лъугьун рукIана цо гIаммаб унтилъун, къварилъилъун.

ЛъугIи гьечIел «унгоял»! ЧIумал книги, гIумрудул соналги рехулаго, балагьулеб букIана багьана гьадин ккечIого букIине, къварилъи гьукъизе…

Тамашаяб букIана нижее киналго нижер васазул къисаби, цоцаздаса хъваралгIанги, релълъарал рукIин: гIумруялде, жамгIияталде, жиндего – киназулго релълъараб бербалагьи.

Дун ккола милициялъул отставкаялда йигей майор, 1999 соналъул лъугьа-бахъиназул гІахьалчІужу. Доб мехалъ дица бакІарулаан шапакъатазе рихьизарурал лъукъарал ва чІварал гІолохъабазул материалал. Дозулги къисмат цоцазда релълъараблъун бихьулаан дида, гьалмагъ цІунизе, цеве кІанцІизе, цойгиясул жаваб кьезе гьезулъ цогояб хасият букІиналъ. РакІ гъанцІулаан васал камурал улбузда бадие ялагьизе ккедал… Кинаб букІаниги карамат лъугьун, вас чІаго ватилилан хьул бихьулаан гьезул щиялъул бадиб.



РакІалде кколеб букІанищха дида доб мехалъ дунго заманалдасан гьезул бакІалде ккелилан. Нилъер лъимал абадиялъ чІаго рукІинин, нилъги нухда регІун, халатаб гІумру букІинин гьезулан гурищ ракІчІолеб умумузул? Дунги гьедин йикІана…

Нижер рукъалда чІвараб мемориалияб хъорщодасан, гьаб азбаралда гІумру гьабун вугеб мехалъго гІадин, дир бадиве валагьун вуго дирго вас. Унго гьесие гьаб азбар-къоно хирияб букІараб куц, релъихъуйги, лъималазулаб чанкІкІиги! Хадув хІалтІизеги ккана мадугьалихъго – Совет районалъул ОВДялда. Вадимил анищ букІана гьесул лъималги живго гІураб азбаралда, добго школалда, университеталда кІудиял гІелин. ЦІакъ рокьулаан гьесие лъимал, мацІ бицунев, гьитІичазул тІалаб-агъазалда вукІунаан. Живго эменлъун вахъине хъван букІун гьечІоха, гьеб букІана гьесул унтиги…

Гьев вукІана хъизамалда гІадаталги низамги чІезабулев чи. Ток гьечІел сардал тІоритІулаан. ХІедучирахъалги ракун, щиб букІаниги квен хıадурун, киналго гьуинаб хабаралъе данде гьарулаан. Унго, гьел сардал рукІарал ракІалдаса унарел!

Вадим вижунго вукІана арал гІумруязул хІалбихьи рекІелъа бацІцІине кІочарав гІажаибав инсанлъун. 3-4 сон базегІанги гьев тІирун чІолаан жинда цІар гьеб гурилан. 2, 5 сон барав чияс, дир накабазда вахъунги чІун, дие ургъел бикьулей йикІарай гьудул гІодое йиччазаюн йикІана гьес: «Гьедин букІуна, гІодуге, кинабго ина», – ян. КІудияв чияс гІадин, гьес гьеб абураб куцалъ хагазаруна ниж. Дицайин абуни малъулаан, тарбия кьолаан, семулаан. Гьанжейин абуни щибаб лахІзаталъ бичІчІулеб буго кигІан гІакъилавги гІумру бичІчІаравги гьев вижудасанго вукІаравали, кин гІумру гьабизе, рагІи абизе, рокьи бикьизе гьев гІедегІун вукІаравали. КІудияб бихьула рикІкІадегІанисан.

Гьев вукІана гІумру, рохел, аваданлъи сверухъе бикьулев кан! ЦІакъ лъалаан гІадамал данде гьаризе, хІикматал идеял кьезе. Спортги букІана гьесул бокьулеб иш, хасго футбол. Киве кканиги команда данде кІутІулаан. Москваялда Россиялъул Президентасул пресс-секретарь Д.Песковгунцин хІан ватун вукІана. Футболалъул хІакъалъулъ макъалаби хъван, фильмал рахъун, анализал, кучІдул гьарун вукІунаан. Санал анагІан кучІдулги магІнаял, гъваридал, хас гьабун цо чиясде руссарал лъугьана. ГьабсагІат гьел цІалулаго, дида бичІчІулеб буго цебе ниж «беццал» рукІараблъи.

Гьев вукІана дир бищун лъикІав насихІатчиги, критикги, кураторги: «Баба, дуца дуего букІине кколеб къимат кьолеб гьечІо», «Баба, дуда гьаб лъазе ккола», «Баба, гьаб киноялъухъ балагьичІого гІоларо….», «Баба, гьаб тІехь цІаличІого тоге», «Баба, сахал чагІазул гьаркьилаб сообщение цо минуталдаса халатаб букІу-

наро...» Киса-кивего дун цIунизе хIадурав гьес, какунги лъолаан цIоб гьечIого....

1999-абилел соназул лъугьа-бахъинал ругеб мехалъ ниж, милициялъул хIалтIухъабазе гIодоркъоял кьезего кьолароан, дир я якьад, я эбел рукIинчIелъул, лъималги дида цадахъ хIалтIудаго рукIунаан.

ЦIикIкIарав, Вадимие букIана 13 сон ва гьесул гьитIинав вац садикалдаса вачине, сводка добе-гьанибе босун витIизе, компьютералда текст кьабизе, гьес гIемер цIаларал рагъулал ва тарихиял тIахьаздаса хIужабаз гьел бечед гьаризе кумек букIунаан.

ТIахьал Вадимил, дирго гIадин, хасаб гIищкъу букIана. БукIунеб лазат щиб дурго гIураб лъимергун школалъул литература, бестесселерал дандразе. БатIи-батIияб балагьи, цого чагIи рукIаниги. Нужее вокьулищ Достоевский? Дие вокьуларо. Вадимицайин абуни гьев рикIкIунаан рухIал цIализе кIолев чилъун. РекIее гIолищ Фейхтвангер? Вадимица гьев нахъчIвалаан, дун холей йикIунаан гьев цIализе. Шолоховасда, Толстоясда, «Незнайка на Луне» хъварав Носовасда ниж кIиялго тIадрекъарал рукIана. Вадимгун дун ялагьана киналго абулел кинофильмазухъ, цIалана рехсолел тIахьал. Гьанже лъица дида гьеб кинабго малъизе бугеб?

Дир васал гIуна дун хIалтIилей йикIараб гъункараб милициялъул коллективалда. Доб мехалъ Дагъистаналда МВДялъул министр ГIадильгерейица цолъизарулаан ниж, лъикI хIалтIизе гьесизарулаан. Вадим чIухIун вукIунаан гьесулгун хасаб лъай-хъвай букIиналдаса, министрасги гьев аскIове ахIун цо щиб букIаниги иш тIадкъалаан. Гьедин гIедал батилаха, лъималаз дида кIудиял гIедал: «Милициялда гурого тIокIаб батIияб бакIалда хIалтIуда ниж рихьуларо, эбел» – ан цебеги лъураб.

Вадимица бигьаго тIамулеб букIана гIумру, хIажат букIунароан магIишатияб рахъ, жиндиргун рухIиял хасиятал рикьуларелгун бигьаго къо-мех лъикIги гьабулаан.

Украинаялда лъугьа-бахъинал ккедал, гьев Москваялда гIумру гьабун вукIана. Донбасалъул, Луганскалъул гIадамазул къисматалъул гьесие кидаго ургъел букIана.

БатIайиса букIинеги рес букIинчIо! Дир, авар кьалбазул рахъалъ, ниж имам Шамилгун тухумцоял ккола (дир кIодо-эбелалъул эбел-гьесул яцгIал). КIудияв инсул эмен ХIайбула, Граждан, ВатIанияб рагъазул гIахьалчи, багIарав партизан. Гьесул вацгIал – МахIач ДахIадаевасул цIар буго тахшагьаралда.

Инсул рахъалдасан – Поповал, ункъабилеб наслуялда дагъистаниял. КIудияв эмен Владимир Попов 16 сон барав чи, уна 18 сон барай яцгун КIудияб ВатIанияб рагъде, воржунаан рагъулал самолетазда стрелок - радистлъун. Щвана Берлиналде ва тIадруссана Дагъистаналде орденал - медалалгун!

...СВО байбихьарабго Донбассалде ине хIаракат бахъана Вадимица, жеги референдум тIобитIун букIинчIелъул, гьеб бажаринчIо. 2022 соналъул июлалъ кIалъан вачIана гьев, жив ДНРалъул Халкъияб милициялде хIалтIизе лъугьанилан. Дора ругел гIадамазда, хасго лъималазда бихьулеб бугеб къварилъи-захIмалъиялда рекIекълъун вукIунаан гьев, гьел СВУялъул вахIшилъабаздаса цIунизе гъираялда.

2022 соналъул 26 июлалда, гьев кIалъан лъазабуна метер 27 июлалъ жал цебесеб мухъалде рехулел ругилан, ва тIокIав бухьеналде вачIинчIо...

Гьесие щибниги лъугьинилан хIинкъун йикIунаан дун, макьабиги рихьулаан. 2008 соналъ «Венгерских бойцов» къотIноб ДПСалъулазде кьвагьа-гIанхъи гьабидал, гьев бищун цеве вортана кумекалъе. ДПСалъул киналго хIалтIухъаби чIаго хутIана, лъукъа-къотIун рукIаниги. Вадимилги хIатIида речIчIараб гуллица тIезабуна килищ. Гьеб букIана додинаб захIматаб тунка-гIусиялда цонигияв милициялъулав чIвачIого хутIараб цого цо лъугьа-бахъин. Икъбал бугелан тана нижеца, Вадимицаги гьединго толаан, кидаго цеве-цевеги вукIунаан.

Вас чIван вукIиналъул дида лъана гIицIго 2 моцIгун лъабго къоялдасан.Гьев гьавураб, 12 октябралъул къоялъ. Гьеб сордоялъ Вадимил классцояс нижехъе рехун бачIана «Рагъулаб хроника» те-



леграм-каналалъул кIиго ссылка. Гьениб рагъулав корреспондентас лъун бугоан Пески поселокалда бугеб ДНРалъул Халкъияб Милициялъул 11 полкалъ 2022 соналъул 2 ва 3августалъ гьужум гьабулаго бахъараб видео. Вадимица военкор Андрей Филатовасе бицунеб ва бихьизабулеб бугоан кин тушманасухъа жидецаго борхалъи бахъарабали. Сверухъе гуллбузул цIад, кьвагьи, ва корреспондентасул ботIрода бан бугеб кIиябго камераялъуб-Вадимил сипат.

Ниж рохана – чIаго вуго, нижехъе извещениеги щвечIо гурищ.

Номерги балагьун гьитIинав вас кIалъана полкалде ва нижеда лъана кьогIаб хабар: Попов Вадим Анатольевичас хъулухъ гьабулеб букIана гьезул гьужумалъулаб отрядалда, 4 августалъ гьев лъукъана, 9 августалъ хвана ва вукъун вуго Донецкалъул реццалъул Аллеялда.

Дун кIицIул щвана Донецкалде. Шагьаралде рахIму тун балеб букIана гIарада, ракь гьаргьадилеб букIана. Полкалъул мина бихх-биххун бугоан, гIадамаз гIумру гьабун бугоан гундузда жаниб. Полкалъулаз дида бихьизабуна васасул хоб бугеб бакI. Цебе чияраблъун букIараб гьеб ракь дие гIагараблъун гьабуна васас.

Къисматалъ дир берда бихьизабуна дир васасул гIумрудул ахирисеб кIиго къо. Пески ккола Донбассалда аскIоб цун бугеб кIудияб гьечIеб росу, километралъ добегIан буго халкъазда гьоркьосеб Донецкалъул аэропорт. Гьеб поселокалдасан микьго соналъ Украинаялъул боевиказ кьвагьулеб букIана шагьаралде. Россиялъул аскараз росу эркен гьабуна 5 августалъ, Вадим лъукъана 4 августалъ.

Донецкалъул госпиталалда бохдул къотIидал, Вадим комаялде ккана ва лъаялде вачIинчIого, 9 августалъ накълулъана.

Бабада мун ватана, гIагарав, дуца кинабго гьабуна ватиялъе…

Дир вас! Къадруяв, бахıарчияв, ракI лъикIав ва берцинав! У, дир вас гьайбатавин вукIарав, мустахIикъав бихьинчи, кIудияб хIарпалдасан инсан, вижараб къоялдаса ахиралде щвезегIан гьайбатав гIадан. Дол, цойгидал улбузулги къадаралде щварал киналго васал гIадинха, унго-унгоял рагъухъаби – бахIарзал!

Нуж инчIо гьаб дунялалдаса, бабал лъимал – нуж гьанир хутIана абадиялъ…

***Раисат ХIайбулаева***

# АхӀмадхангун дандчӀваял



Росулъа чи шагьаралде щвейгун бищун цеве тукабазде щола. Гьединго нижги, Дагъистаналъул педагогикияб институталъул студенткаби рачӀинахъего тукабазде рилъана. Буйнахъскиясул къотӀноре щведал, жанире лъугьана гьениб букӀараб тӀахьазул тукаде. Гьениб тӀахьал гурелги календарал, буклетал, дагъистаналъул хъвадарухъабазул ва шагӀирзабазул сураталги рукӀана ричулел. Узухъда, дица дирго даргиязул хъвадарухъабазул ва шагӀирзабазул: Рашид Рашидовасул, АхӀмадхан Абу-Бакарил, Сулейман Рабадановасул ва цогидазулги суратал росана.

Дол 60-70 соназ тӀахьазул тукаби гӀадамазул занкӀун цӀун рукӀунаан. Ниж – Зоя Керимова, Пекизат АхӀмадова, Хъизбика Агъарагьимоваги дунги битӀун тукадаса къватӀире лъугьунаго, цо чияс дарги мацӀалда ахӀана.

– Ясал, нужеца гьелгощинал тӀахьалги сураталги лъие росарал?, – илан нижеде аскӀове вачӀана кӀиго бихьинчи.

– Цодагьал институталъул гьудулзабазе кьела, цогидал росулъе росила, – ян абуна дица, гьезухъгицин ялагьичӀого.

– Дуе кутакалда бокьулеб бихьула адабият, – илан недегьго кӀалъана цояв.

Дица, нечон холаго, берал рорхана ва лъана дида кӀалъалев Сулейман Рабаданов, гьесда аскӀов эхетун вукӀана пачалихъалдаго лъалев АхӀмадхан Абу-Бакар. Дица босараб сураталдаги гьев гьединавго вукӀана.

Дагьайги цӀакъ нечон, дун инейилан лъугьана. Амма Сулейман Рабадановас, суалал кьун, йиччалей йикӀинчӀо. Кинаб росулъайила, щиб районила, эбел-эмен щалила, кий цӀаларайила…

Дида лъалаан, къисматалъ вачун, Сулейман цодагьаб заманаялъ нижер ДахӀадада районалъул Дейбук росулъ гӀумру гьабулев ва нижер школалда цӀалулев вукӀаравлъи. Гьесул вац Таин вукӀана нижер школалъул учитель. ШагӀирас жинда дур эмен цӀакъ лъикӀ лъалилан абуна. Салам бицейила, гьикъа-бакъулев вукӀанилан абейилан абулаго гьес, дихъ букӀараб сураталда автограф хъвана ва махсаро гьабуна: «АхӀмадхангӀан машгьурав гьечӀониги, автографал кьезе гьадинаб рес букӀаго, хъван телин», – илан. АхӀмадханица жиндирго харбазул тӀехьалдаги сураталдаги лъуна автограф. Дир гьудулзабигунги кӀалъан, нижехъе студенталгун дандчӀвазе институталде рачӀине рагӀиги кьун, гьел ана.

ГӀунги тӀокӀ букӀана гьеб данделъи дун АхӀмадхан Абу-Бакарилги Сулейман Рабадановасулги творчество бокьулейлъун лъугьине. Анкьцин ун букӀун батиларо, АхӀмадхан Абу-бакарги Сулейман Рабандановги гурелги, Расул ХӀамзатовги, Аткъай Аджаматовги, Юсуп Хаппалаевги, Байрам Салимовги пединституталъул студенталгун дандчӀвазе рачӀана.

1963 соналде щвезегӀан гьеб букӀана Руччабазул институт, дун цӀализе лъугьараб соналъ гьеб лъугьана Цадаса ХӀамза-

тил цIаралда бугеб Дагъистаналъул пачалихъияб педагогикияб институтлъун. Ректорлъун гьел соназ йикIана кьварарай, амма ракI лъикIай, цIодорай Хадижат МухIамадовна Къебедова.

Жиндирго инсул цIар институталъе кьеялда бан, Расул ХIамзатовас абуна, жиндица кIиго бищун лъикI цIалулел студентазе стипендия кьезе бугилан. Ректор Хадижат МухIамадовналъ дир цIар абуна, тIадеги жубана гьелъие 15 сон гурони гьечIилан… Гьедин кIиго соналъ Расул ХIамзатовасул стипендияги щолеб букIана дие.

Гьеб дандчIваялдаса хадуб, Сулейман ва АхIмадхан рачIана дида аскIоре, баркизе. Гьел цIакъ рохун рукIана дидаса. Гьеб букIана кIиабилеб гьезулгун дандчIвай. Гьел кидаго цадахъ рукIунаан.

… Гьелдаса нахъе чанго сон ун букIана АхIмадханил чIужу Фатима Абакаровна дида лъалелде. Гьей хIалтIилей йикIана гIелимияб академиялъул филиалалда. Дир гьелъулгун лъай-хъвай гьабуна дир бетIергьанчи ГIабдуллаца. Цодагьаб заманалдасан ниж лъугьана хъвадарухъанасул хъизаналъул кIудиял гьудулзаби. Щибаб соналъ ЦIияб соналде Гуржиялъан Абдула ГIумаровичги, Манаба МухIамадоваги рачIунаан. Гьел рукIана Фатима ГIумаровналъул вацги яцги. Дунги росги гьезухъе гIемер щолел гьалбал рукIана.

Горькиясул къотIноб 6 рокъоб букIана, АхIмадхан Абу-Бакар бетIерав редакторлъун хIалтIулеб «Советияб Дагъистан», Фазу ГIалиева бетIерай редакторлъун хIалтIулеб «Дагъистаналъул чIужугIадан» журналал. Фазу ГIалиеваги АхIмадхан Абу-Бакарги, гьездаго цадахъ Муса МухIамадовги цого заманаялъ рукIана Литературияб институталда цIалулел. Хъизанал гьезул цоцазде тIаде гъоркье унел гьудулзаби рукIана. Редакциялда тIобитIулеб бокьараб тадбиралде АхIмадханица Фазуги дунги ахIулаан. ЛъикIал тадбирал рукIунаан. Гьеб журналалъул коллективги букIана гъункараб. Гьебги редакторасул бажари буго. ЦIияб бакIалде Издателазул рокъоре редакциял рахъиндал, гьеб кIиябго редакция ккана цого анцIабилеб тIалаялде.

Гьеб букIана цIакъ аваданаб заман! АхIмадханихъе рачIунаан машгьурал чагIи, хъвадарухъаби, шагIирзаби. ГIемер гьесухъе щолаан Гуржиязул ва осетиязул киностудияби. Гьез хъвадарухъанасул харбаздасан рахъулаан фильмал.

Гьесул заманалъул лъималго гIадин, АхIмадханги векерахъдулаан щубдаса буссинчIеб хардасан, гIенеккулаан бакъанида хурзабахъ чIоролодул бакънахъ, гIажаиблъи гьабулаан барщулеб ролъул тIоралъухъ валагьун. ГьитIинго гьеб кинабго хIикмалъи ва берцинлъи рекIелъ цIунун хутIиялъ батила гьесухъа бажарараб жиндирго асаразулъ дунялалъул гIадамазда Дагъистаналъул тIадегIанлъи ва берцинлъи бихьизабизе.

Жиндир асаразулъ АхIмадхан цIалдолелгун кIалъалев вуго. Гьеб гурищ кIудияб талихI. ГIагараб росдаде, кубачиязул махщалиде, гьезул рукIа-рахъиналде рокьи гьесулъ гьавуралдасаго букIана.

Щибав чисул жинди-жиндир букIуна махщел. Цояз харбал, къисаби, кучIдул, романал хъвала, цогидаз суратал рахъула, цояз месед-гIарцул ва хириял ганчIазул тIагIалаби гьарула, цогиял рукIуна лъикIал гIуцIарухъаби, жамгIиял церехъаби, цо-цоязул лъидаго бихьулареб рукъалъул хIалтIуе, сверун кинабго чIаголъизабизе, берцин гьабизе букIуна махщел. Бищунго кIудияб чиясул махщел буго цогидазухъ гIенеккизе, гьел ричIчIизе бажари. Кинавзухъаго гуро гьеб бажарулеб, амма гьеб махщел Аллагьас АхIмадхание расги барахщичIого кьун букIана. Гьединлъидал гьев киназегоги вокьулаан…

Кубачи росдал сверухълъиялда руго кьеркьерал харибакIал, берцинал гIинтIидул хъархъал, цIулакьодул гъутIби, рогьалил щуб ккола гIурччинаб харде ва цIикарал тIугьдузде. МугIруздаса лъарал руго байдабазде чвахулел. Нуралъул киналго кьераздалъун, ахал-хурзалги къалъизарун, кенчIелел руго цIваби. Пихъил махIалъ хIайран гьабун буго сверухълъи.

Гьеб кинабго берцинлъи букIина абадиялъ. Амма инсанасул гIумру къокъаб буго, хвел ракIалда гьечIого бачIуна. ЗахIматаб унтиялъ ана нилъедаса лъикIав инсан АхIмадхан Абу-Бакар.

***ПатIимат ВахIидова***

# ГIадалаб махсаро

Ихдалил гьуинаб, мехтизабулеб махIалъул цIун букIана сверухълъиго. РагIа-ракьан гьечIеб зодир, хинаб апрелалъул къоялъул лазатги босулаго, хIалицаго гIадин лъеделел рукIана кьарият накIкIал.

Зайнаб, гIодое йиччан, коляскаги цебе цун, азбаралъусан уней йикIана. Цодагьаб цебе кIиго моцI барав вас ХIажи вукIана, хъахIилаб юргъаналда гъорлъ, гьуинаб макьуялда кьижун.

ЧIобогояб скамейкаялда берги чIван, Зайнаб гьелда аскIое йилъана. Бакъуца хинлъизабураб гьелда тIад гIодойги чIун, бохдул ритIизаруна, цIаюцIцIана. Бугеб лъикIаб къо!

Зайнабил ракI букIана кечI ахIулеб, хасго вас кодове восидал. Гьей росасе ана вокьулев чиясе, цIакъ рокьун рукIана лъимал. ХIажи гьавуна росасе ун кIиго соналдасан ва, киналго лъималазе гIадин, тIаса бер босичIеб бербалагьи къваригIунеб букIана. Гьединлъидал Зайнабица хIухьбахъи гьабизе бокьараб лахIзат хIалтIизабулеб букIана.

Пикрабазда йикIун, гьелда вихьичIо гьебго скамейкаялда гIодов чIарав кIикъоялда анцIго сон барав гIадинав, виццатав, амма лъикI ретIа-къарав чи. Гьенив аскIовго гIумру гьабун вугев чи вукIун ватила.

– Васищ? – илан абуна гьес коляскаялъухъги валагьун.

– У, вас вуго, – йилан абуна Зайнабица, рохалилаб асаргун.

ГIажаибго рокьукъав чи вукIаниги, жиндирго талихIалъ гьесдехун рокьукълъицин халлъичIо Зайнабида.

– ТIоцевесевищ? – илан цIехана гьес гьанжеги.

– ТIоцевесев…

– ТIоцевесев ва тIарамагъадисевищ? – илан цIакъ кеп щун велъана гьев, цIодораб суал жинцаго кьураб гIадин.

Каранлъ зар бараб гIадин лъугьана Зайнаб. Гьелда киданиги лъалароан гIантал гIадамазе жаваб кьезе:

– Гуро… Щай… Дуца бицунеб щиб…

МагIу ана кIаркьабалъан бекерун. Цо щибалигоги абулаго, тирщун тIадеги яхъун, нахъе йилъана Зайнаб, васасул макьуги хвезабичIого.

«Махсарочи» доваго хутIана. Зайнаб унейго уней йикIана гьев чиясдаса кигIан кIваниги рикIкIаде. Гьелда бичIчIулеб букIинчIо, щиб квешлъи гьелъ дов чиясе гьабун букIарабали, циндаго вахъун гьединал жал гьалда абизе – унгоги гьес гьалъие тIокIал лъимал гьаругегиян гурищ гьарараб? ТIоцеве вихьарав чияс…

Цодагьаб заманаялъ азбараздаги женжедун, угьун хIухьелги биччан, Зайнабица риччарал берал рацIцIана. ГIабдаласухъги гIенеккун, гьаб хIалалъищ дунги лъугьине кколейилан жиндегоги семана. Лъимер гьабун хадуб жеги нерваби рукIалиде ккечIого ратила…

Гьенив ХIажи вагъарахъдана, гIодизе байбихьана. Зайнаб гьесие гьуинаб мацI бицине лъугьана:

– Гьав щив ворчIарав? Бабал дарман! Рокъоре рилъинищ?

Васги гIодове виччазавун, коляскаги сверизабун, рокъоре нух босана. ГIадалав «махсарочи», захIматго букIаниги, ботIролъа рехизе бажарана.

... Ана гІемерал санал.

Лъабго сонги ригьнада бан, Зайнаб ятІалъана. Цевеги тІалаб-агъазалъе лъикІав вукІинчІев росас, хъизан тІубанго рехон тана. ЧІужугІаданалъ гІумруго кьуна вас гІезавизе. КІиго хІалтІуда хІалтІун вахъинавуна. ТІокІай росасеги инчІо.

ХІажица эбел йохизаюлаан лъикІал къиматаздалъун, бигьаго лъугьана университеталдеги. ЛъикІаб хІалтІиги щун, ячана чІужу. Эбел цІакъ йокьула ХІажие. Гьев хутІана Зайнабил тІоцебесев ва тІарамагъадисев васлъун.

Цо-цо доб скамейкаялда аскІосан унаго лъеберго соналъ цебе букІараб хабар ракІалде щола Зайнабида. Досие кьварараб жавабгицин хІадурун букІана гьалъ. Амма тІокІав дов чиясда бер чІвачІо.

Щибдай букІине букІараб дов вуцІцІун чІун вукІаравани? Щиб лъалеб, гьалъул къисмат батІияб букІине бегьулаан?

Узухъда Зайнабида бичІчІула гьев чиясеги щибго гьелъие квешлъи гьабизе бокьун букІун батулареблъи. ГІакълу гьечІолъиялъ кьвагьун батила. Гьес щиб абуниги абичІониги, хъизаналдаги кинабго лъикІ букІинчІо.

БукІаниги – щайха гьададинаб гІадалаб махсаро гьабизе ккелеб букІараб?

Щай?

***Любовь Остревная***





Эльмира
Абиева

# Рагьараб хIакъикъат

***Гьалъул сипаталъухъ балагьидал, гъира бала гIемер хасиятал данделъараб гьелъул жанисеб дунялалде раккизе, жибго дунялалъул беричлъи лъазе. Гьалъул хIалтIи буго бокьулеб иш ва гьебги тIубазабулеб буго махщалида, гъорлъе яккун, кидагосеб, гIиццIго «щуйил»къиматалда кьезе кколеб экзамен гIадин. РакI рагьарай инсаналъ хIаракатго бахъулеб гьечIо берцин йихьизе хабар бицине. Эльмира Абиевалъ аскIоре цIалел руго жиндирго хинаб, рекIелаб кIалъаялъ, разилъиялъ.***

*Ракьул цIам...*

ГIагараб Сулейман-СтIал район...Керчал тIогьол байдабазде бухIун бакъ щвараб, харибакIазгун рохьаз, цIорол мугIрузул тIогьаз берцин гьабураб ракь...ВатIан. Кинабго иццул бетIералдасан, умумузул гъасдасан роцIунеблъиялда ракI чIарай Эльмира ракIалъ жиндирго гьитIинаб ватIангун, чIагоялъ гьечIел эбел-эменгун, гIагараб рукъгун йиго. РакIалдещвеял... Эмен, ХIажибала ХIажимурадович, лъай кьеялъе гIумруго кьурав школалъул директор; эбел Магьиханум, рукъалъе жийго кьурай, хIеренай,гIакъилай инсан. Эбел-инсуца гьитIинго рессанин жиндир чорхолъ мугIрул гIадаталги, гIадамазе кумек гьабизе гурхIелги, гьездехун адабгиян бицана Эльмираца.

– Гьеб кинабго бачIана инсанас битIун гIумру тIамиялъул аслу нижелъ лъурав насихIатчи - инсудасан, эбелалдасан щвана - сабру, сум сумалда аскIоб лъун хъизамалъулаб талихIаб бусен гIуцIизе таваккал.

– КIудияб хъизамалъе (щуго васги цо ясги) канлъилъун йикIарай эбелалда бигьаго кIолаан радалалдаса бакъинегIан хIалтIун рукъалъул гъасда хинлъиги рахIатги цIунизе.

ГIадада гуро Эльмира школалдаги цеехъанлъун йикIарай. ЦIалул отличницаялда ва жамгIияй хIаракатчIужуялда бигьаго кIолаан бокьарал гIадамалгун-учительзабигун, гIелбащадалгун гIаммаб мацI батизе.

– Дие лъимерлъиги гIолохъанлъиги лъугьана рухIияб рахьалъ инсан лъугьинавиялъул мугIалималлъун. Эбел-инсуца кIудияб кIвар кьолаан лъай босиялде, гьез дунги вацалги тIамулаан хадубккун нижер гIумруялъул магIналъун лъугьараб лъазабизе.

Меседил медалистка Эльмира гIемер цIалдолаан, гIурусгун миллиял шагIирзабазул кучIдул рокьулаан. ЦIирагьилъун лъугьана гьелъие лезгиязул шагIир Ибрагьим ХIусенов. Гьесул асаразулъ бихьана гьелда дунялалъул философия, гIумруялъул хисарди. Ва гьелъул рекIелъ кунчIана анищ эркенлъи бокьулеб Москваялде, философиялъул факультеталде цIализе ине.

## *Философия – пикру гьабизе тIамулеб гIелму…*

Гьеб букIана Дагъистаналдаса студенткаялъ жиндаго цере лъурал кIудиял мурадазул ва хьулазул, талихIаб заман. Культуриял памятниказги, театралгун музеязги бечедаб Москваялъ сагьвил гьаюна гьей.

-Ниж расниги гIажаиблъулароан метроялда машгьурал актералги, поэталги, хъвадарухъабиги дандчIвайдал. ТалихIалъул тIогьий йигин дунгоян кколаан. ЦIакъ чIухIулаан философияб факультеталда цIалулей йикIиналдаса. Доб мехалъ гьеб цIакъ элитаялъулаблъун рикIкIунеб бакI букIана.

Студенткаялъе интерес букIана античнияб философиялъул, кватIун бокьана немцазул классикияб философия. Жакъасел философазулъ гьелъие къабуллъана логикияб позитивизмалъул, гIелму гIакълу гьабиялъул хадусеб букIиналъул пикру.

Доб мехаладго, гьебги букIана гьелъул жиндирго тIаса бищи, гьелъ къисмат бухьана жиндирго росуцояв, МахIачхъалаялъул администрациялда хIалтIилев вукIарав Раидин Абиевгун. Хъизам хехго гIуцIиялъе багьаналъун ккана гьел жидерго миллияб хаслъиялда ва гIадатазда хадур рилълъарал чагIи рукIин.

Вузги лъугIун рокъое щведал, Эльмира ХIажибалаева лъугьана хIажатай специалистлъун. Гьей ахIана ДГМУялъул философиялъул ва гIелмияб коммунизмалъул кафедраялде (гьабсагIат медуниверситеталъул философиялъул ва историялъул кафедра) хIалтIизе. Гьаниб гьалъ нахъа тана ассистентлъиялдаса профессорасде щвезегIан нух, цIунана «Мифология и религия как источники формирования философской мысли в Дагестане» темаялда кандидатасул дис-



сертация. Щуго соналдасайин абуни, жийго цIалараб МГУялда «Религиозно-философская мысль в истории культуры народов Дагестана» темагун цIунана доктораллъулаб диссертация.

## ГIалимчIужжуялдасаги кIудияй...

– Динияб, маданияталъул, философиязда, биомедицинаялъул этикаялда хурхарал дир гIелмиял интересал росун руго «Очерки мифологии, религии, религиозно-философской мысли в Дагестане», «Суфизм и суфийская философия в Дагестане» монографиязде ва гIелмиял публикациязде, - ян бицана Эльмираца.

ГIалимчIужуялъул хIаракатчилъиялъул сфера гIатIидаб буго. Диссертантал хIадури, лекциял, философиялъул ва культурологиялъул практикиял дарсал, академиялъул батIи-батIиял факультетазда биоэтика ва педагогика кьей. Ахирисеб щуго соналъ гьей ккола вузалъул жамгIиял бухьеназул ва социалиябгун тарбия кьеялъул хIалтIул проректорги. Гьединаб хIалуцараб графикалъ жеги жигарчилъи бижизабулин рикIкIунеб буго Эльмираца.

– Инсул дарсал, – ан гьимана чIужугIадан, – гьес малъана щибаб минуталъул къимат гьабизе. Гьезул бугеб кIудияб баракат щибха жамгIиябги профессионалиябги цадахъ бачиналда!

Кин гьединаб хIалтIигун эбеллъун ва ункъцIул кIодоэбеллъун хутIизе кIолебилан гьикъидал, Эльмира ХIажибалаевналъ бицана жий школалдаго гIелмиябги факультативиябги хIалтIи цадахъ бачун ругьунай йигин. КIиго ахIиялда гьей йикIана ДРялъул ЖамгIияб Палатаялъул гIуцIиялда, тахшагьаралъул Горсобраниялъул Киров районалдасан депутатлъун йикIинги буго гьелъие кIудияб жавабчилъи. 2019 соналъ Эльмира ХIажибалаевналъ кандидатура лъуна МахIачхъалаялъул мэрлъиялде ва йорчIана тахшагьаралъул вукIинесев бетIер С. Дадаевгун финалалде.

## Бергьине лъаялъул гIелму...

– Депутат хIисабалда, дие цIакъ кIвар букIуна халкъалъулгун бухьеналъул, гIадатал гIадамазе шагьаралъулал тIадчагIи хутIизе ккола чIагояллъун, гьезул суалал тIуразе хIадураллъун. Депутатазул корпус гIицIго нормотворческиял ихтияразул гIуцIи кколелъул, ниж руго рахIатхвеялъул кнопка гIадал чагIи.

– БукIинеселде дун балагьула хьулгун, лъикIалде божигун, - ян бикьана Эльмираца, - гурони гIумруялъул магIнаго букIинароан.

Гьел гIицIго рагIаби гуро...Киров районалъул депутаталгун цадахъ ХIажибалаевалъ гIуцIараб 4 проект гIумруялде бахъинабулеб буго кIвар бугеблъунги рикIкIун.

## ХадурагIи

Эльмира ХIажибалаевалъ рекIелъан биччан къабул гьабула гIагараб Дагъистаналда, дунялалда лъугьунебщинаб. Гьелъие, 11 БахIарчи жидеда гьоркьоса рахъарал дагъистаниязги жигараб гIахьаллъи гьабулеб бугеб хасаб рагъулаб операция ккола цIияб тарихалда бихьинчилъиялъул, къурбанлъиялъул ва къадру бихьизабиялъул хасаб гъатлъун. Кинабго барабги буго щивас жиндирго гIумруялдаса гIакъилго ва ритIухълъиялда пайда босизе лъаялда, гьесул рекIелъ бугеб лъикIлъиялда.

*ГIайшат Ӏажудинова*

# Къисмат

Дир гIагарал чагIазул лъугьа-бахъин гуребани, гьадигIан рекIелъе бортичIого букIинеги бегьилаан…

Расул вуго Загьратилги ГIабдулагьилги цого-цо вугев, гIажаибав вас. Гьев кидаго, я хIалтIи балагьулев (рекIее бокьарабха), я эбел-инсул бетIералде лъугьа-бахъин балагьулев вукIуна.

* * *

– Вай, бетIергьечI! КидагIаги мун гIодове вуссинев? Гьеб бетIер хIалтIизабе, – йилан гьесде ягъилей йикIуна эбел, инсул ццидадаса гьевги цIунулаго. – Ахиркъадги инсуца рокъоса къватIиве къотIичIого чIезехъин гьечIоха мун! Гьеб мехалъ щиб гьабилеб?!

– Дида щиб гIайибха бугеб, дун налъулав вугев гIадин, цо цIелъа жо дихъ балагьараб мехалъ?!

– Дуда щиб лъалеб лъихъ гьев валагьун вукIаравали, валагьарав щинав чигун къацандизе, вагъизе лъугьине кколаро, – йилан васасда бичIчIизабизе лъугьана ГIабидат.

– Дун беццавищ вугев?, – илан ццидаххана Расул, – дида аскIосангицин валагьичIого вукIаян абе, щайтIан!

– 22 сонги бана…Дуца цо хIалтIуениги гIамал гьабулебани, цIализеги дуе бокьичIин…

– Дие чIужу ячине заман щун буго!

– ЧIужугIаги кин хьихьизе ракIалда бугеб? Мун гIадав гъалмагъарчиясе ячIуней чIужуги кинай йикIиней?

– Дуда гьелъул ургъел чIваге, эбел. Аллагьас кумек гьабула. Цо данде кколей гIадай яс ялагьизе ккола!

– Данде кколей гIадай кинай йикIуней? Яхча-хьварайищ? Гьезги гьанже магьараде хирияб машина босеян абулеб рагIула. Бизнес яги гIемераб гIарацила. Росасул лъикIаб хъулухъги цIехолеб буго.

– Гьединлъидалха дунги тIадегIанаб хъулухъ балагьулев вугев, лъикIаб гIарацги щолеб. Доле дир классцояв Заурица инвестициязда гIарацги лъун, бащдаб багьаялде лъикIаб машина босана, рассрочкаялъ. Дур къарумлъиялъ, дуца дие биччачIо…

– Барахщанаха. Гьородухъ биччазе гIарац нилъер хъизамалда гьечIо. Киса эб гIарац Заурица кьолебалиги лъаларо. Я живго хIалтIуларо, я эбелалъул гьечIо хIалтIи. Жеги школа лъугIичIел вац-яцги руго. Гьезие рачIунел алиментаздаги пособияздаги бетIербахъи гьабун руго гьел. Хадуб?

– Дос гьединго гIарац лъезе чагIиги ахIула компаниялде, гьелъухъ гьесие налъи тIаса бахъула.

– Гьеб законалде данде кколареб жо буго гури!

– Данде кколеб… кколареб… Кин букIаниги, доле цIиял ралел рукъзабахъ каркасги босана цIияб машинаги босана. Гьанже цо ясги абулей йиго. Гьелъул инсулги «хIалал» гьанал квен гьабулел чанго бакIал руго шагьаралда.

– Мун бусурманчи гурищ. Яги, Заур гIадин, гIадамал гуккизехъинищ вугев?

– Гьес бусурбаби махсароде кколел гьечIо гури, гьес бицунеб буго инвесторал ралагьани, гIарац щвезе бугилан… Эбел, кьеха цо 300 азарго гъурущ, анцIго ну-

халъ цӀикӀкӀун тӀадбуссинабизе рагӀи кьола! Кьеха эбел, гьарула! Ясли-ахалдаса нахъего цадахъ вугев Заурие дун гуккун щай?

КигӀан бокьичӀониги, росасдасаги балъго, ГӀабидатица кьуна васасухъе, жужахӀалъул гӀакъуба бихьун данде гьабун букӀараб, гӀарац.

Заурихъе гӀарацги кьун, кӀудияб гӀарац щвезе хьулалда, Расул вукӀуна жиндиего цӀакъаб машина тӀаса бищулев. МоцӀал уна, бащдаб лъагӀел уна, амма гӀарац тӀадбуссиналъул хабарго букӀунаро, тӀаде щолеб жоялъул бицинего бицинарин. ГӀабидат йикӀуна хӀатӀал рухӀараб гӀанкӀу гӀадин. Расулидагицин кӀолеб букӀунаро цо хӀалалда чӀезе. Кинха чӀелев, тӀоцересел моцӀаз метер метер бачунев вукӀарав Заур, цин вахчаризе лъугьуна, хадуб, тӀубанго телефонги свинабун, тӀагӀуна.

Къварилъи-балагьги жибго бачӀунарелъул, ракӀалдаго гьечӀого унтула эмен, хӀажалъула гӀарац...

Расул гӀемераб мехалъ, рогьаралдаса рукӀкӀинегӀан, Заурихъ хъаравуллъи ккун вукӀуна, гьесул рукъалда аскӀов. Гьесул эбелалъгун яц-вацас, я рокъове вачӀунарила, я ахӀун телефон кодобе босуларила, мун гурелги гӀемерал ругила гьев валагьулел, нижер бугеб щинаб бахъилилан хӀинкъаби кьолелилан, бицана. КигӀан намуслъаниги, Расул Заурил вукӀинесев вакьадасухъеги вилълъана. Гьеб ригьинги некӀого биххун батана, Заурица кӀудияб гӀарац гьезулги тӀезабун батана...

Гьабилеб жо тӀагӀарав гьасда гьанже бичӀчӀизе лъугьана гьеб пирамида букӀин, Заурги, живго гӀадав гьелъул къурбан, гӀабдал, цогидалги гьенире цӀазе тӀамурав чи вукӀин.

Кин ккаравалицин лъачӀого, гьеб къоялъ Расул щун ватула Заурица квартира босун букӀараб, жеги балеб бугеб минаялда цеве. БотӀролъ цо пикруги пархун, гьав вахуна тӀаде. Цоники нуцӀа гьечӀел квартирабазул цоялда цебе гипсокартон лъун бихьула. Бигьагьабун гьебги нахъе хъурщизабун, жаниве лъугьарав Расулида, балконалдасан цо сундухъалиго валагьарав Заур вихьула.

– Дун валагьулевгӀаги гурищ вугев? – илан абула Расулица.

Заур, вихха-чӀваркьун, эхеде кӀанцӀула, балконалъул тӀуцал перилабаздаги ван, гьасухъ валагьун хутӀула. Расулица зар борхула. Гьелдаса цӀунизе кверал рорхигун, Заур нахъаса нахъе вортун ана...

* * *

Расулие суд къотӀулеб ахирисеб судалъул заседаниялда талихӀкъарал, хӀалакълъарал Загьрадаги ГӀабдулагьидаги аскӀой гӀодой чӀун йикӀана дун. ЦӀакъго квеш вукӀана ГӀабдулагь.

ГурхӀилеб хӀал букӀана Заурил эбелалъулги. Къварилъиялъ чӀегӀерлъарай, чӀегӀераб ретӀелги ретӀарай гьей гьитӀинай гӀаданалъухъ балагьизецин захӀмат букӀана.

– Россиялъул УК 109 статьяялда рекъон, ракӀалда гьечӀого чи чӀваялъухъ кьолеб буго гӀаммаб режималъул колониялда кӀиго сон – илан судияс приговор цӀалана.

Гьесул ахирисел рагӀаби гьоркьор къинаруна Заурил эбелалъул гӀасияб гьаракьалъ:

– 300 азарго гъурщие гӀоло дир вас чӀварасе кӀиго сон гурони кьоларищ... ЧӀвадарухъан! Аллагь тӀаса лъугьунгеги дудаса!

***Ажа ГӀабдурахӀманова***

Мира
ГІалимурадова



# Киназего рекъел гьарулей Мира!

Мира ГӀалимурадова жеги лъимер йиго. ГӀадатай тӀинчӀай дагъистанияй, амма гьелъулъ бугебщинаб гъварилъиги, жигарги, кӀарчамлъиги!

ГӀумруялъул сонал жеги дагъал гурого гьечӀониги, гӀолил ясалъулъ руго гӀемер гьунарал. Суратал рахъизе ва кьурдизе махщел букӀаниги, гьелъул анищ буго тохтурлъун яхъине. Берцинлъиялдалъун гуреб, гӀадамазе хӀакъикъияб кумек жиндасан щвезе къасдалда.

Жиндир гӀумруялда тӀоцебесеб интервьюялда Мираца мухӀканго бицана жиндирго хӀакъалъулъ.

Гьаюна Мира Дербенталда. Ясли-ахалдаго бокьана суратал рахъиялъул иш, гӀахьаллъулаан киналго утренниказда. Дербенталда тӀобитӀулеб цониги тадбир гьоркьоб биччаларо «Гюнеш» хореографиялъулаб ансамблялъул гӀахьалчӀужуялъ.

Кьурдабазул гьикъидал, Мира хисун, балерина киниги цӀаюцӀун ячӀана (гьей щуго сон баралдаса нахъе кьурдул искусствалда йигелъул, гьеб гӀажаиблъизе кколеб жоги гуро.)

– Нижер ансамбль «Гюнеш» (бакъин абураб магӀна ккола гьелъул) ккола Дербенталъул визитнияб карточка. Ниж цере рахъуна байрамалъулал концертазда гурел, Дагъистаналъул росабаздагун шагьараздаги. Ансамблялъ бана 24 сон,- илан байбихьана гӀолилалъ.

Гара-чӀвариялде ахӀун вукӀана ансамблялъул нухмалъулев ва школалъул директор Интигам Аскеровги. Гьес тӀаде жубана ансамблялъул аслияб гӀуцӀиялде ккезе бигьяб иш гурилан (кьурдухъабазул школалде хьвадулел руго анкьнусгогӀан цӀалдохъан, гьездасан батӀи-батӀияб составазде гъорлъе ккола гӀицӀго 90 кьурдухъан). «Гюнеш» ккола улкаялъул ва халкъазда гьокьосел конкурсазул Гран-приязул бетӀергьан ва кидагосеб гӀахьалчи.

– Мира ГӀалимурадова йиго нижер ансамблялъул бищун гвангъарай гӀахьаллчӀужу. Гьелъ жиндирго жан-жигаралъ сверухъ ругелги хӀалтӀизарула. Унго-унгояй артистка бокьаравгун къец бан кьурдула. Хехго босула цӀияб материал, лъала хореографиялъулаб лекскика, гьелда тӀадеги Мирада мухӀканго бичӀчӀула постановкаялдалъун дие щиб абизе бокьун букӀарабали ва гьеб балагьаразухъе дурусго щвезабула. Щибаб къойилал репетициязда, кӀудияй чӀужу гӀадин, жиндирго махщел камил гьабиялда тӀадги хӀалтӀула гьей.

Гьей хӀинкъуларо сценаялъукьа, хӀал рекъезабула дандиясда ва балагьарасда. Публикаялда цее жиндаго ракӀчӀарайлъун йикӀиналъги чанги лъикӀаб хъулухъ гьабила Мирае гӀумруялда.Жиндаго сверухъ рохалил ва цоцазе кумек гьабиялъул ахӀвал-хӀал гӀуцӀизе гьай ясалда кӀвеялдаса дун кутакалда вохула!-ян хӀасилги гьабуна насихӀатчияс.

Репетицияз ва дарсаз сундего регӀизе течӀониги, Мираца хӀаракат бахъула сундулъго борхалъуда йикӀине. Кинха кӀолеб гӀолилалда школалда лъикӀ цӀализеги, репетициязда, концертазда гӀахьаллъизеги, живописалъул берцинал асарал рахъизеги? Жиндие сундулъго кумек гьабулин кӀудияб, цоцаз ккураб хъизамалъилан рагьана гьелъ балъголъи. Гьелда лъикӀ бичӀчӀулеб буго мурадалде щвезе ккани цересел гӀадамазул кумекалъул букӀунеб кӀваралъул.

Гьей гӀолей йиго Табасараназул пачалихъияб драмаялъул театралъул директор, ДРялъул культураялъул мустахӀикъав хӀалтӀухъан, республикаялъул

БетIерасул Табасаран районалда ва Южно-Сухокумскалда вугев гIакълучи, Российялъул хъвадарухъабазул ва театралиял хIаракатчагIазул Союзазул член ГIалимурад Асланбекович ГIалимурадов хъизамалъул бетIерлъун вугеб гъасда. Мирал эбел-Анита ккола стилист, росасе инегIан берцинлъиялъул индустриялда хIалтIарай гьей гьабсагIат хъизан-лъималазе хъулухъалда йиго.

– Бабае цIакъ бокьун буго дун тохтурлъун яхъине, амма гьедин букIаниги, гьелъ жиндицаго щвезаюна дун художественииябги кьурдабазулги школазде, - ян гьимулаго Мирац бицунелъул, харбилъе жувана гьелъул эмен.

– Диени бокьилаан Мираца сценаялъулгун гIумру бухьине ва гьей машгьурай артисткалъун яхъине.

Гьеб тамашалъизе кколеб жоги гуро, театралъул директорлъун тIамизегIан ГIалимурад ГIалимурадов вукIана шоу-бизнесалда машгьурав инсан. Гьев вукIана чанги лъалел ва халкъияллъун лъугьарал кочIохъабазул бищун цевесев ва хIажатав продюсерлъун. 2014 соналъ театралъул директорлъун гьев тIамиги тохлъукьегояб букIинчIо.

АнцIго соналда жаниб Табасараназул театр гастролаз сверана цо республикаялда гуреб, тIолго улкаялдаго, гIахьаллъана, машгьурал режиссерал гьоркьоре цIан лъурал цIи-цIиял постановкабигун, батIи-батIиял фестивалазда.

Мираги гIуна театралда жаний!

Гьунар бугей ясалъ ниж рохизаруна жиндиего инсул бищун бокьулеб, эбелалъе сайгъат гьабураб «КечI ахIула дуе» кочIол гIурус мацIалъул таржама рекIехъе рикIкIиналдалъунги. Гьаниб-го бижана суал гьадинал гьунаралгун ва дадагун машгьурай артисткалъун яхъине анищ бижичIищ ясалъул рекIелъилан.

Мира мукIурлъана жиндица дурусго рахьдал мацI лъазабизе кколин, гурого актрисалъун жий кин яхъинеян.

Мирае цIакъ рокьула жидерго гьитIинаб ватIан-Дербент районалъул гьайбатаб Салик росулъе тIолго хъизамалъул цадахъал сапарал. Гьенир гьал гIахьаллъула Эбельцан оцбаялъул байрамалда, халкъияб ихтилат-кепалда, аваданго тIоритIула гIодоркъоял.

– Унго-унгояй табасаранай йигелъул, дица хIалбихьана тIанса бессизеги .Станокалда цо чанго кIичI базе божилъи



гьабуна диде устарзабаз. Гьеб буго суратал рахъиго гIадаб гIажаибаб махщел! Нижер махщалилаз гIадамазул портреталцин гьарула тIансаялда....

Киналго лъималазе гIадин, Мираеги рокьула байрамал, хасго ЦIияб сон ва рокъосезул гьарурал къоял.

– Сайгъатал щвезеялдаса бокьула дие гьел кьезе. Щибха дица кьелеб дирго кваралъ рокьигун рахъарал суратал гуреб?

Абухъего, гьитIинай художницаялъул суратал кутакалда интересалин ругел. Живописалъул бицунелъул, Мира, кьурдабазул бицунелдаса цодагьай гIодое йиччан, сабуралда кIалъана. Гьалъ рахъулел руго натюрмортал. ЦIакъго бокьулеб буго тIугьдул рахъизе. РакIалда буго гIунги тIокI ругел жиндирго суратазул цебелъей тIобитIизе. Амма суратал рахъиялда букIинесеб бухьине Мирада ракIалда гьечIо, эбелалъ малъухъе, тохтурлъун яхъине буго гъира. Тохтурзабазул тасамахIлъиялдалъун больницаялда гьезул лъагIелги бащадабги барай цIикIкIарай яс хун йикIинги ккун батизе бегьула гьеб анищалъе гIиллалъун.

– Дун йиго талихIай яц, дир вуго лъабго вац! ЦIикIкIарав МухIаммад вуго грэпплингалъул спортсмен. КIиабилев вац, ГIадам цIалулев вуго кадетазул корпусалда, бищун гьитIинав Асланбек жеги садикалде хьвадула. Гьев дидаги дадаги релъарав артистмахIав, жигарав жо вуго.

КIудияй гIедал Мирал анищ буго дунял бихьизе, жийго цеетIеялъе цIиял ресал ратизе.

– Дие Дагъистанияй-чIужугIаданалъул мисал, узухъда, эбел ккола.Диеги бокьилаан гьей гIадай берцинай, рукъ бачине лъалей ва лъикIайлъун йикIине. Амма дун рикIкIаде ина! Дие бокьила, гIицIго рукъалъул ургъалида йикIинчIого, хIалтIулъги цеехун ине, цадахъго жамгIияб гIумругун искусствоги бачине,-ян лъазабуна Мираца.

Гара-чIвариялъул ахиралда, суалго кьечIого, гьей гIажаибай Мираян тIубараб цIар жиндида бугей яс бицине лъугьана тIолабго дунялалда хIажат бугеб рекъелалъул. ГьитIинай ясалда лъикI бичIчIулеб буго политикияб ахIвал-хIалги, гьелда лъалеб буго инсуца СВОялъул рагъухъабазе ва гьезул хъизамазе гьабулеб кумекалъулги.



– Дие бокьила дунялалда тIолго гIадамаз ракълида, сах-саламат гIумру тIамизе, дир вацалги рагъде инчIого хутIизе!

Анищазул гьайбатлъи балагье-цо гьитIинай гIаданалъул!

Мираца киназего рекъел гьарулеб буго, нилъецаги гьарила гьелъие жиндаго ракIчIейги гьелъулъ ругелщинал лъикIал хасиятал рилизаричIого, цеехун ине икъбалги!

Гьадинаб берцинаб ва гъункараб хъизанги нахъа букIиналъ гьелъухъа кинабго бажарила!

*Виолетта Ратенкова*

# Кинабго байбихьула рекӀел тӀиналдасан...



***СССРалъул художниказул Союзалде магӀарул ручбазул тӀоцее жий йосарай махщелчӀужу ккола Хунзахъ районалъул ГӀобода росулъа машгьураб Казиевазул хъизамалдаса Сиядат МухӀамадовна Казиева. Ургъел букӀана искусствалъул чӀужугӀадангун гӀаммаб мацӀ батизе дидаго кӀвеладаян, амма жиндирго саназдаса (исана художникалъул буго 80 сонил юбилеялъулаб сон) йихьизе гӀезегӀан къамартӀго ятарай, жеги гӀолохъанаб ракӀалъул ракьцоялъ дун тӀоцересел лахӀзатаздасанго асир гьаюна. Гара-чӀвариялда нижеца бицинчӀеб жого течӀо дунялалда тӀад.***

***– Сиядат МухӀамадовна, бицеха кин дур гӀумрудул нух суратал рахъиялда бухьараб? Кидагойищ лъалеб букӀараб мун художниклъун яхъунеблъи?***

– Дида ккола кӀодоэбелалдасанго бижанин дилъ суратал рахъиялде, берцинлъи гӀуцӀиялде шавкъан. ГӀажаибал давагьинал рессулелъул, долда рекӀехъе лъалаан щибаб расенги кӀичӀги. Суратал рахъулаан дир эбелалъги. (*Гьаниб ракӀалде бачӀана Сиядатил вац, техникиял гӀелмабазул кандидат, профессор МахӀачица бицун букӀарабги: «Жеги щуго сон бачӀей чӀужу аскӀое ахӀула эбелалъ Сиядат, гьадаб хӀобода кӀусун бугеб кету кагътида бахъеян. АнцӀила щуго минуталде чӀагоялда кӀиго къатӀрагӀан релълъараб кетуги, хӀубиги, кинабго сверухълъиги кагътиде рещтӀинабула Сиядатица*»-авт.).

ТӀорччол гӀерекъалъ эбелалъ бахъараб гьегьги босун уней гӀолилалъул сурат букӀана гӀемерал соназ росдал къадазул цо цололъ. Дида ккола дой ясалъул берзул балайцин бугеб хӀалалъ бахъун бугин эбелалъилан. Дирго альбомалда гьелъ бахъараб вехьасул суратaлдаги гьороца кӀичӀизабураб буртинадул гӀинщцин букӀана хӀакъикъияб. ГьитӀинаб мехалъго лъезе ккола лъималазулъ гьезул гъира бугеб ишалде кьучӀал, хӀалтӀизе ккола гьезие бокьулелда тӀад. Дир умумузул бидулъанго щвана дие гьеб.

РакӀалда буго, цӀалулей йигей чӀужу дун, кӀодоэбелалда кьеразул спектразул, накъищазул данде ккей-ккунгутӀиялъул малъа-хъваял гьаризе, давагьин бессизе малъизе лъугьарай. Долъ дир «теория»



чIидбиххизабуна «Гьаб кун гьабцоялде дандеккей-ккунгутIи гьадинго бералда лъазе кколарищ»илан. Гьединал рукIана нилъер умумул. Гьезул гьеб гIажаибаб махщел цIунизе, гIолел гIелазухъе кьезе хIалтIи гьабичIони, нилъер хадуб ракI-бухIизе буго.

***– ГIагараб ГIобода йигеб заманалъ кинаб асар гьабулеб бугеб дуе, бугищ рекIелъ хасаб рохел?***

– Санал анагIан пашманлъи цIикIкIунеб буго дир ватIаналде щвеялдаса. Цебе ралъдал карачалаби киниги, гьелчелел рихьулаан рекьарал хурзал, боцIи гъезе, рецаризе унел росуцоял. Гьанжейин абуни, рекьулел гьечIо цебебакIалцин, щивниги лъидениги регIулев гьечIо магIишаталдаса, халкъалъул яшав лъикIлъун буго, амма гъорлъ журай, гьуинлъи хашлъун буго. Цебе гваял ран цоцазе кумек гьабулаан, гьанже гьеб гIицIго гIарцухъ гьабулеб буго. РекIелгъей букIуна росулъ: рогьаралдаса нахъе дир нусго иш букIуна-бекьараб-таралъе хъулухъ гьабизе, рокъоса-гIебеде. Радалго телефоналде рахъизе ккола щибаб къойил батIа-батIайиса хисулел керчал накIкIал, азаркьераб сверухълъи…

***– Художникасул кверал рижарал ругищ ракьул хIалтIуе?***

– (*Елъулаго*). Дида цо чияс абунцин букIана, дир суратал рахъизегIан хIеренал кверал гьечIилан. Амма кверал руго гIицIго алат. Сурат бахъи буго ботIролъан рекIелъе кьун, гьенисан бачIунеб цIакъго щвалде щвараб захIмат.

РакI унтула гIадамаз рехун тун ругел хурзал рихьидал. ГIажаиблъи гьабизе ккараб иш гьечIищ, ракьулъ чIараб цо мугьалдасан лъугьунебщинаб батIияб чIахI-тIегь, Аллагьас нилъее кьолебщинаб нигIмат?!

***– Кин бижулеб сурат? Дица гьаб тIегьхер, рухIчIаголъи жакъа бахъилаян хIисабалдеги босунищ ялъуни цindагойищ?***

– Цо сунца бугониги берзуе лазат гьабидал, гьеб хутIула рекIелъ ва килщал, ихтияр цIехечIого, лъугьуна гьелъул сурат бахъизе. Балагье, дир «Дерецал» суратталъухъ. Гьанжего гьанже гIаздакьан раккарал гьел тIугьдул цIакъго загIипал жалин кканиги, гьезулъ бугебщинаб тIабигIаталъул къуват, берцинлъи!

Институталда нижеда малъулаан бищун гIадатаб алат-кьер бугел къалмаз суратал рахъизе. Релъабаз бахъараб





битIизабизе, гъалатI ккараб бакI белъине бегьула. Къалмил хIалтIийин абуни, буго цIакъго мухIканго кIвар кьун гьабизе кколеб, берцинаб хIалтIи, цо штрих бацIцIаницин сурат холеб. Гьелгун хIалтIулаго, нилъгогицин ракIа-рахарула, тIокIборчIараб мухъ цIазе хIинкъула.

***– Кинав художник дуе рекIее гIолев?***

– Узухъда, анкьгьунарав искусствалъул эмен Леонардо да Винчи. Гьев чияс такрарлъи гьечIел суратал нилъее тей гуребги, боржунеб аппаратцин ургъулеб букIана доб мехалъго. Ва гьеб боржунеб гьечIин «дурусаб берцинлъиялъул гьечIолъиялъан» рикIкIунаан гьес. Ай кинабго жо, тIад тIанкI лъезе бакI гьечIого, беричаб букIине кколаан устарасе, жиндирго хIалтIабигиха! («Что несовершенно – то некрасиво»).

***– Сиядат МухIамадовна, ракI бухIичIищ багIараб дипломгун полиграфиялъул институт лъугIун хадуб Москваялда дуе кьолел рукIарал лъикIа-лъикIал хIалтIабаздаса (Улкаялъул гIарац гьабулеб азбар (Монетный двор), машгьурал басмаханаби) инкар гьабиялдаса?***

– Цо къоялъниги бухIичIо. ГьитIинаб къоялдаса нахъе къватIир ругони ругьунлъулелги ратила дозул гIадатазде, гIумруялде. Доба кинабго жо батIайиса буго: рихха-хочун гIедегIун унел гIадамал, цоцазде бербалагьи, рукIа-рахъин. Байбихьуда дида кIолароан дозда рекъон йилъанхъизе, «тIаса лъугьа» бачуней хутIун йикIунаан, москвичазул гIедегIараб чвахиялда рекъон хьвадизе лъачIолъиялъ. Гьаниб кинабго гIагараб, рекIее къабулаб буго. ГьабсагIатги рекIелъ хинлъигун ва баркалагун ракIалде щола институталда дие дарсал кьолел рукIарал, дунялалдаго цIар рагIарал художникал – мугIалимзаби. Гьезулгун лъай-хъвай буго къисматалъ дие кьураб кIудияб шапакъат, амма кьалбаз гьание цIана. ВатIанлъидалха!

Дир цо гьитIинаб анищги бицинищ? ТIолабго дунялалъ магIарул мацI бицине! (*Гьаниб машгьурай художникалъ дие рикьана тIолго дунялалда ругел халкъал Дагъистаналдасан рачIарал ратизе бегьиялъул жиндирго пикраби. Нилъер мацIалда жидер рельлъараллъун ругел гIемерал рагIабиги рицана гьелъ. Мисалалъе, Цезарь – «цебе зар», хуннал - кутакал рагъухъаби, «тIокIал рагъухъабазул ракь» кколеб буго Хунзахъ, Будда – «бутIа» (гIемерал кверал ругелъул, ересь – «гьереси» ...)*

Шималияб Кавказалде «Аллагьзабазул тахилан» абулеб букIун буго цебе. Дун божула, гIалимзабаз цIех-рех гьабун Дагъистаналъул баракатаб ракь лъикI лъазабуни, гьанир гIемерал нилъее тамашаял балъголъаби ратизе рукIиналда.

Балагье, нилъер ругелщинал махщалилал гIадамал; тIансаби – салмагал рессиялъулъги, гIарцул, цIулал тIагIалаби гьариялъулъги -сундулъго!

Дица цIалун букIана Африкаялда бугеб цо къавмалъул,-гьезул кверзул килщазда (кирниги цIаличIого) хъвашун лъалеб рагIула щагIил гьабулеб хъабие кинаб биццалъи кьезе кколеб, гьеб кьватIичIого, бекичIого лъугьине ккананиялИ. Гьединго нилъер анкьумумуздаги лъалаан жидецаго гьабулеб иш, щибниги гIелму цIаличIого. Гьеб хаслъи нилъеца нилъерго лъималазухъе ва гьезулги лъималазухъе кьолеб гьечIони, билун иналда хIинкъиги буго.

Балагье ретIелалъухъцин! Я къокълъун, я халалъун, я къан букIуна Турциялдасаги добаса - гьанисаги босараб гурде нилъер руччабазда. Дозулги нилъерги къаркъалаби релълъенго гьечIел рукIиналъха! КигIан берцинги рекъонгиха букIунеб нилъерго улбуз ретIунеб букIараб гIадаб партал нилъер ясазда?! Нилъерго хассаб, нилъеего хасиятаб...

Щай бегьулареб модельераз гьеб рекъарабги берцинабги цIуниялде кIвар кьезе?

***– ТIадегIанаб полиграфиялъулаб лъай бугей инсан хIисабалда, гьикъичIого тезе кIоларо: тIаде нилъеда бихьулеб сипаталъулищ кIвар, жаниб бугеб магIнаялъулищ, газет-журналалда букIа, сураталда букIа?***

– ГIурусазул аби гьечIищха «РатIлихъ балагьун дандчIвалин, гIакълуялъухъ балагьун нухда регIулилан». Гьединлъидал кIиябго цадахъ рекъезабун бачине кIвани гьелдаса лъикIаб щиб?!

Дирго хIалтIулъги гIумруялдаги гIемер ракIалде щола «берцинлъи гIадатлъиялъулъ бугин» абураб гIакълуги. ЦIакъго чараб, гIала-гъважа гIадаб щибго берцинаб букIунаро.

***– Малъа-хъвай гьабиларищ байбихьулел художниказе, кин гьел махщел камил гьабиялда тIад хIалтIилелали?***

– Дица гъираялда тIоритIилаан сурат бахъизе лъазе бокьун бугел лъималазе мастер-классал, гьаниб росулъ йигебгIан мехалда...

Щибаб къойил гьабизе ккола бокьулеб иш гьунар бегIерлъизе. ХIаракат бахъе бетIер хIалтIизабун, нилъерго пикрабазда квалун сурат бахъизе, гьелъ берги цIодор гьабула сураталги камиллъула. ХIал Алжаналъуб батаяв дир вас (*Сиядатил гьеб кIудияб камиялъул дихъаго гьикъун инилан хIинкъуца холаго, кьолел рукIана дица художникалъе суалал, гьелда аскIоб бараб ункъго сагIаталда жаниб. Ковидалъул заманалъ Аллагьасул къадаралде щвана гьалъул бищун хириял рукъалъул чагIи (гьелги художникал)бетIергьанчи Юрий Батыров ва цо вукIарав вас Шамил. Гьелдаса нахъе дунялго чIегIерал релъабаз жиндие белъаниги, магIарулай къуркьичIо. Аллагьас кумек гьабунин жиндиеян пашманго гьимана гьей ...* – авт.) щибаб къойил щиб бахъунги бахъулев-бахъулев чIолароан. Дица кисточка сайгъат гьабуни, гьеб тIолабго къочун беэдулаан. ГьедигIанги бокьизе ккола нилъецаго гьабулеб иш. ЧIагоял чагIазул жахIдаги хIусудги камун букIунаро, узухъда. Гьелъ гIемер чиясул гIумру бецIлъизеги гьабула. Шамилил щибаб къойилаб захIмат бокьиялъ гьунар тIокIкIун букIана, гьесда кIолаан иконаби хъвазецин (гьеб цIакъ захIматаб хIалтIи ккола –авт.)

***– Сиядат МухIамадовна, баркала гарачIварилъухъ, сах-саламат таги мун нусго сонилаб юбилей кIодо гьабизегIан.***

**ХадурагIи**: *Сиядат Казиева ккола Дагъистаналъул профессионалиял художниказул цересезул цояй. Гьелъул буго Дагъистаналъул изобразительнияб искусство цебетIезабуралъухъ кьураб дипломги, Россиялъул культураялъул Министерствалъул ХIурматалъул грамотаги. Гьелъул хIалтIаби рахъана гIемерал каталогаздагун буклетазда, гьаб жакъаги гьелъул хIалтIабаз нур базабун буго Токиоялда бугеб искусствабазул Музеялда.*

***Фатима МухIамадова,***
***Хунзахъ райгазеталъул бетIерай редактор***



# Зулейхат Мусаева

***ЦIумада районалъул Эчеда росулъа эбел-инсул яс Зулейхат Мусаева гьаюна 1954 соналъ Хъазахъстаналъул Караганда шагьаралда. 1957 соналъ гьел гочана чачаназул Гудермес шагьаралде ва гьений ана Зулейхат школалде. Жиндирго тIоцересел кучIдул гьелъ чачан мацIалда хъвана. Зулейхатица магIарул мацIалда кучIдул хъвазе байбихьана гIумру гьабизе Дагъистаналде яхъиндал. Зулейхат Мусаевалъул рагIабазда кучIдул ахIула Хадижат Жамалудиновалъ, ГIайшат Насрулаевалъ, ПатIина Хираевалъ***

## *Рокьул къуват*

Каранлъ цIа бакула рокьуца,
РекIеда цIер чIвала рокьуца,
Унтарав сахлъула рокьуца,
Сахавги унтула рокьуца.

РакIги беэдула рокьуца,
Бералги гIодула рокьуца,
Херал бахIарлъула рокьуца,
ГIисиналги гIола рокьуца.

Дуниял гвангъула рокьуца,
Канаб къо бецIлъула рокьуца,
ГIемер ралъаргъула рокьуца,
Ралъаргъи хIехьола рокьуца.

*(Припев)*

Вабабай, ле вададай,
Унго гьаб рокьул къуват.
Унтаралги сахлъулел,
Сахалги гIодор чIвалел.

## *Рокьи*

Киналго руччабаз дунял гьабуни,
Дунялалда рокьи лъица гьабилеб,
Лъади йигев щинав кьурун вусани,
Берцинал ясазул ракI лъиде гъелеб?

Кинабго гIун буго мун камун вуго,
Каранде рекIараб цIа свинабизе,
Сверухълъиги чIалгIун чIегIер бан йиго,
ЧIалгIен буссиналъе щай вачIунарев?

ХIулидул къандалъо лъоге къаданиб,
Дица дир каранда кьижизавилин,
Кинида рухьабаз вухьарав гIадин,
Гарбида гургинал гъуждулги жемун.

## *ТIубачIеб Мурад*

Дун дирго тIубачIеб рекIел мурадгун,
Пикрабазул къорикь къваридго йиго,
Байбихьи берцинаб нуха хутIараб,
Маргъу гIадаб рокьул ургъалилъ йиго.

Макьилъ алжаналда дун щварай гIадин,
Алжанул берцинлъи бихьараб гIадин,
БукIана цо лахIзат дир гIумруялъул,
Йокьулилан дие мун гьедараб къо.

Дун йокьичIонани мунагь батулин,
Дун жийго танани, жужахI букIунин,
Дур кIутIбуз шурулел гьел рагIабазда
Дунги гIенеккана, талихIайин ккун.

Амма, мун бихьинчи, дуе баркала,
Дун асир гьайизе къуват гIуралъухъ,
Бакъул гьумералда тIугьдул кинигин,
Духъ ялагьун тезе дуда кIваралъухъ.

## *Тавбу*

Рокьи телин абун тавбу гьабурай,
Дун рокьул гамида лъедолей йиго.
Цинги гIишкъу танин гьедарарай дун,
Гьаругьин йосана рокьуца кверде.

Дур бадиб абизе кIолареб рагIи,
Кагътида хъван тола, рекIелъ бухIигун,
Шуризе кIоларел гьал дир щигIраби,
РагIунго ахIула, дунго йигелъуй.

Кинго кколароан дида ракIалде,
Рокьи чIаголъилин санал гочидал,
Щолароан ботIролъ тохал пикраби,
Лъай гIакълу босараб рокьи ккелилан.

Дие мун вокьанин гIайиб чIвалеца,
Зодосан баккизе бакъ гьукъе абе,
Дуй жаваб кьунилан кьурун чIараца,
Ракьулъа баккизе ицц гьукъе абе.

Мун гьавурай бабай алжан батаяв,
Алжанул махI буго дудаса чIвалеб,
Алжанул тахида дада ватаяв,
Щий талихI бугелъдай дуда къвал балеб…



# Тарихалда лъалкI тарал магIарул руччаби

*Нилъеда лъала магIарул халкъалъул бечедаб тарих букIин ва Аваристан пачалихъалъ дунялалъулго сиясаталда хасаб бакI кколеб букIараблъи. Цебегоялдаса нахъе дие рахIат толарого буго, кинаб бакIха гьеб сиясаталда, тарихалда, маданияталда, адабияталда магIарул чIужугIаданалъ кколеб букIарабилан абураб суалалъ. Гьеб суалалъе жаваб балагьулаго дица гIемераб цIех-рехалъулаб хIалтIи гьабулеб буго. Гьелъул хIасилалда тIехь биччазеги ракIалда буго. Цо-цо чагIазе  бокьула нилъ Совет хIукумат бачIинегIан  цIали-лъай гьечIел чагIи рукIанилан чIезабизе. Гьаб макъалаялъ нугIлъи гьабула нилъер руччабигицин цIаларал рукIиналъе*

# Салманил Патимат

МагIарулазул тарихалда руччабаз гьарурал бахIарчиялги цIар рагIаралги ишал гIемер руго, гьездаго гьоркьор руго Надиршагьасулгун, хадуб гIурусазулгун рагъазда АхIул гохIда ва цогидал бакIаздаги руччабаз бихьизабураб гьунаралъул биценал. Амма гьезул гIемерисезул цIарал лъаларо. Лъалезулги нагагьги бицунаро.

Гьединал биценал жеги дагь руго гIараб цIали гьабурал ва гьезда жаниб бихьиназулгун бох бухьун гьунар бихьизабурал руччабазул хIакъалъулъ. Гьединалги рукIана ва гьезул цояй йикIана цIар рагIарав ГIободаса ШагIбанил (Хунзахъ район) хъизаналда  гьаюрай ва гIурай, хадуса Кьохъа Салмание росасе кьурай ва гьение яхъун чIарай, ПатIиматин абурай гIалимчIужу. Гьелъул эмен вукIана 18 гIасруялда аваразул ханлъиялда гIелмуялда, пачалихъияб гIуцIарухъанлъиялда гIемерал машгьурал ишал гьарурав цIар рагIарав гIалимчи – ГIободаса ШагIбанкъади. Доб заманаялъул гIелмуялда кIудияб бакI ккуна гьесул лъималазги. Гьесул рукIана МухIамад, МалламухIамад, НурмухIамад абурав лъабго васги, ПатIимат абурай нилъеца бицен гьабизехъин бугей ясги. Гьелда букIана ГIарифат абураб тIокI цIарги. Жиндирго лъималазе киназего инсуца кьуна цин рокъоб лъикIаб лъай ва хадур цIализе ритIана Дагъистаналъул машгьурал гIалимзабазухъе. Гьезул цояс хадуб Хунзахъ ханзабазул кIалгIаялда инсул бакI ккуна ва киналго гьесул лъималазда рекIана Къадиязул абураб тIокIцIар. ШагIбанкъадида цеве цIалулев вукIана гIалимчи Къудукьа Мусалавги.

ГIага-шагарго вацазулалда релълъараб букIана яцалъулги къисмат. Инсуда ва росдал машгьурал гIалимзабазда цебе лъай щварай гьелъ кватIичIого бихьизабуна жийго жиндаго чIун цIалдезе, гIелмуяльул захIматал суалал ричIчIизе, гьезул гъварилъуде яккизе кIолей чIужу жийго йикIин. Гьанже заманалъул гIорхъодасан гьелъул заманаялъухъ балагьани бихьула лъай босизе къасд ккарай. гьунар бугей чIужугIаданалъе щибниги квалквал букIинчIолъи. Гьеб букIана Дагъистаналда, хасго магIаруллъиялда, гIараб гIелму гIатIидго лъазабизе ва хIалтIизабизе лъугьараб цIияб заман. Къудукьа Мусалав гIадав ва цогидалги гIалимзабаз Дагъистаналъул бусурбан гIелмуялда гIараб мацI лъазабиялда ва тIибитIизабиялда, академик Ю. Крачковскияс абухъе, ренессанс байбихьараб заман. Гьелде тIадеги жеги шаригIат тIибитIун букIинчIолъиялъ аваразул ханлъиялда чIужугIаданалъ тIадегIанаб бакI кколеб букIиналъ, бихьулагун, чIужугIаданалъул къадруги эркенлъиги тIадегIанаб даражаялда букIун буго, гьеб нилъеда хадубги бихьила.

Биценалда рекъон ПатIимат йикIун ийго чорхода йорхатай узданай, берцинаб гIамал-хасияталъул гIадан. Нахъе хутIун нилъехъе щвечIониги, гьарулел рукIун руго шигIраби ва назмаби. Жиндирго квералъ цIакъ берцинго хъвараб гьелъул кIудияб Къуръан буго жеги нахъе хутIун. ГIелмуялда гьарурал ишазул бицани гьелъ цIалун руго бишунго захIматал гIелмаби - логика, грамматика, хIисаб гIелму ва цогидалги. Рехсарал гIелмабазда тIасан лъилгунги бахIсал гьарулеб, жиндирго пикру цIунулеб букIун буго. Гьелъул гьеб рахъ бихьизабулеб чанго бицен хутIун буго нахъе.

XVIII гIасруялда Хунзахъ гIадатлъун лъугьун букIун буго (Хунзахъги ГIободаги росабазда гьоркьоб 6 км. буго), анкьида жаниб щибаб базар къоялъ тIадлъиялъул гIалимзабиги ракIарун батIи-батIиял гIелмуяльул суалазда тIасан бахIсал тIоритIулеб. Щибаб анкьида жаниб рекIун чодагун жеги гIолохъанго йикIаниги, ПатIиматги унаанила гьение ва бихьиназда гьоркьой бахIсазулъ гIахьаллъулаанила, ккараб мехалъ, кIалъазеги яхъунаанила. Цо нухалъ кIалъазеги яхъун, жаваб кьолаго гьелъул щаклъи кканила жийгоги данделъаралги ритIун рукIиналда. Бакъанида чодаги рекIун росолъе тIад юссунаго гьей росдал мажгиталде анила ва горда цебе чуги чIезабун цIалагIоркьалъ цIулал гордоялда кIутIанила дибир къватIиве ваккизавизе. Гордоги рагьун, дибир къватIиве ваккаравго, гьелъ абунила:

– МахIали бегьани щибан дихъе цо щаклъи ккараб суал бугин, – Ва дибирас

бегьун бачIараб тIехьги кодобе босун, чодаги рекIахъего, беганила гьеб ва къваригIараб бакIги цIалун абунила: – ЙитIарай йикIун йиго дун, – илан МахIалиги дибирасухъе бегьун рокьоe анила.

Лъаялдеги гIелмуялдеги гьелъул букIараб рокьиялъул бицуна гьей Салмание росасе иналъул хIакъалъулъ нахъе хутIун бугеб хабаралъги. Салман вукIун вуго Кьохъ росулъа ГIободе Мадрасалда цIализе вачIарав куц-жинс бугев гьайбатав гIалохъанчи. Гьесие йокьун йиго ПатIимат. Ва чияр росулъа вачIарав мутагIиласе цIар арав гIалимчиясул яс абизе захIмат букIаниги Салманил таваккал гIун буго гьей гьаризе, ШагIбаницаги гьелъул вацазги рагIи кьун буго. Ва гьале тIаде щванила бертин гьабулеб ва гьей рокъое кьолеб къо. Бертин лъугIун хадуб къаси бахIаравги бахIарайги аскIор хутIаралго Патiиматица росасухъе цо кагьатги бегьун абунила:

– Гьелда ругел суалазе жаваб кьечIого дида аскIове мун къаларевха, – ян.

Кагьатги босун балагьанила Салман суалазухъ. Ругилаха вачIинахъего тIахьал цере росун хъирщадичIого жаваб кьезе кIоларел суалал. Щиб гьабилеб, мутIигIлъизе кканила. Сордоялъ хъирщанила гьес тIахьал ва бакъбаккараб гIужалда лъадухъе кагъат бегьанила: Ма, ясай босе жаваб – илаги абун.

Хадусеб заманалда росгун цадахъ Кьохъе ун гьениб ун буго гьелъул гIумру. ГIезегIан лъималги рукIун руго гьезул ва гьабсагIатги Кьохъ руго гьезул наслуялъул гIадамал ва гьездаго гьоркьов машгьурав гIалимчи СултIанмухIамад-хIажиги.

Салманги ПатIиматги гIумру халатал чагIи рукIун ратизе руго, нахъе ругел баяназда рекъон Салман хун вуго Дагьистаналде ираназул Надир-шагъ тIаде кIанцIилелде кIигогIан соналъ цеве, 1739-1740 соназ. Гьелде щвезегIан чIаго йикIун йиго ПатIимат – ГIарифатги. ПатIиматил машгьурлъиялъул хIакъалъулъ цоги бицен хутIун буго нахъе, гьеб бухьараб буго XVIII гIасруялда Дагьистаналда машгьурав Багъдад ГIали абурав гIалимчиясда.

Багъдад ГIали вукIун вуго, гIарабазул букIараб гIадаталда рекъон, Багъдадалдаса нилъер Дагъистаналде гIараб мацI, дин малъи, гIелму тIибитIизаби мурадалда мадрасаги рагьун хIалтIизе витIарав чи. Гьев витIун вукIун вуго ГIиракъалъул лъай кьеялъул министрас (Низамул мулк) дунялалъул цогидал бусурбабаз гIумру гьабулел улкабаздего гIадин.

Багъдад ГIали чIун вуго Таргъуялда, рагьун буго хадуб цIакъ машгьурлъараб мадраса. Ва кисанго рачIарал Дагъистаналъул гIолилазда къуръан-хIадис, динияб гIелму малъизе байбихьун буго, цогидал бакIазда мадрасазул хIалтIуда хадуб халкколеб, гIалимзабазулгун лъай-хъвай гьабулеб букIун буго, живгоги унев вукIун вуго росабалъе хал-шал гьабизе. Гьедин ккун буго гьесул лъай-хъвай ШагIбан Къадиясулгун, гьесул ясалъулгун ва цинги хадуб живго хвезегIан гьел гьайбатал гIадамазулгун гьудуллъиялда вукIун вуго.

ГIарабазул гIалимчиясе цIакъ рекIее гIун йиго ПатIимат – ГIарифат (гьесцин гуребдай гьеб кIиабилеб цIар лъун букIараб?) Гьес гьелде кучIдулцин гьарун рукIун руго. Гьес гIажаиблъи гьабулеб букIун буго гIарабаздаса рикIкIадаб улкаялъул чIужугIаданалда бацIцIадаб гIараб мацI ва гIараб гIелму лъалеб батиялда. Диналдеги гIелмуялдеги мугIрузул улкаялда цIакъго кIудияб къасдги щавкъги бихьараб мехалъ, гьев гIемер щолев вукIун вуго Хунзахъеги ГIободеги. Ва ахиралдаги гьенивe вахъун вуго, хобги гьесул ГIобода рагIула.

ПатIиматиде гьабураб Багъдадиясул кечI нахъе буго, буссинабун печаталда бахъизе бегьила гьеб.

Киназго рикIкIунеб буго ШагIбан Къадиясул, гьесул лъималазул ва гьездаго гьоркьоб ПатIиматилги ва цогидал гIабадерил гIалимзабазулги таманабго гIелмияб ирс букIанилан. Профессор С. ХIайбулаевас бихьизабулеб букIахъе, гьез киназго хъварал цIиялги басриялги тIахьал ва асарал, гьездаго цадахъ мажгиталда букIараб бечедаб библиотекаги, кинабго хIарп нахъе течIого большевиказ диналде гьужум гьабизе байбихьараб 30 абилел соназ тIагIинарун руго. Гьединлъидал кIудияб Къуръан гурони ПатIиматица кквералъ хъвараб батIияб тIехь жакъа нилъехъ гьечIо.

***Маркъо ШагIбанов***



# *Анна Ахматова*

Широк и желт вечерний свет,
Нежна апрельская прохлада.
Ты опоздал на много лет,
Но все-таки тебе я рада.

Сюда ко мне поближе сядь,
Гляди веселыми глазами:
Вот эта синяя тетрадь –
С моими детскими стихами.

Прости, что я жила скорбя
И солнцу радовалась мало.
Прости, прости, что за тебя
Я слишком многих принимала.

ТIогьилаб, гIатIидаб маркIачIул канлъи,
Недегьаб гьогьоми гьаб апрелалъул.
ГIемерал лъагIелаз кватIананиги,
Дие рохел буго нилъ дандчIваялъул.

ГIодов чIая, дида аскIовегIан къан,
Гьимулел бераца валагье гьанже;
Дица лъимерлъуда саринал хъвараб,
ХъахIилаб гьаб даптар кодобги босун.

ТIаса лъугьа, гIумру къварид тIамунин,
Бакъуйцин йохарал къоял дагьлъанин.
Жеги тIаса лъугьа, муниланги тун,
Таманал гIумруялъ къабул гьарунин!

***Буссинабуна***
***МухIамад НурмухIамадовас***

# Марина Карпачёва



***Театралда гIицIго диктатура! ХIинкъуге. Кинабго искусствалъе гIоло. Гьелъул хIакъалъулъ нижее бицана театралъул режиссер, актриса, Дагъистан Республикаялъул искусствабазул мустахIикъай хIаракатчIужу Марина Карпачевалъ. Цойги гьелъ нижее рагьана, щай рекIее гIураб пьеса режиссераз 20 сональги лъечIого толеб ва щай театралде рачIине кколебали.***

# Ниж квалквадула рухIияб дунялалда

***– Байбихьилин къучIдасан: кида мун театралъ асир гьаюрай?***

– Щуабилеб классалда ниж ракIарана гIурус мацIалъул учительницаялъ ва драмкружок гIуцIиялъул дандбана. Гьей регIичIебщинахъе режиссерасул пульталде нахъе кколаан дун. Абизе кIоларо, гьеб мехалъ бачIанин «театр-дир иш буго» ян пикру. КIодоэбелалъ бицухъе, гьитIинго абулеб букIун буго дица артисткалъун яхъинилан. Гьейлъунги дун яхъана ва кIиго соналъ Новомосквалъул театралда хIалтIулей йикIаго, дидаги МХАТалъул чанго выпускниказдаги цебе лъуна 9-11 классазул лъималазе актеразулаб студия рагьиялъул суал. Театралъе хIажат рукIана гIолилал. Цо нухалда Гарсиа Лоркил «Кровавая свадьба» асар лъолелъул, массовкагун щиб букIаниги ургъеян тIаделъана бетIерав режиссер. Дицаги ургъана. Дур режиссерасул бетIер бугин, цIализе ине кколин малъулаан гьес. Артисткалъун йикIине бокьун бугин къуркьулароан дун. Ахирги лъугьана Евгений Вахтанговасул Пачалихъияб академикияб театралда цебе бугеб Б.Щукинил Театралияб институталде. Гьедин байбихьана дир режиссерасулаб хIалтIи.



***– Дагъистаналде кин ккарай?***

– Скандарбек Тулпаровас ахIун. Ниж чанги рихьулаан Москваялда актеразул биржаялда. КIиазарабилел соназул байбихьуда дун хIалтIулей йикIана Новомосковскалъул театралъул режиссерлъун ва гьезулгун къотIи-къай лъугIулеб букIана. Скандарбек Данияловичас дида абуна: «Йилълъа нижехъе, хIажат буго лъикIаб лъималазул маргьа лъезе». ЧIахIиял доб мехалъ театралде гIемерго унароан, амма лъималазе ЦIияб соналда цебе байрам гIуцIизе тIадаб букIана. Лъуна «Золушка». Гьедин чараб МахIачхъалаялда дир гьудуллъи ккана гIурусазул драмаялъулаб театргун. Цоги чанго постановка лъун хадуб, тIубанго Дагъистаналде яхъаян гьарана С. Тулпаровас. Дунги разилъана. Дагъистан буго къуваталъул бакI. Гьаб я данде ккола, я гьалъ къватIире рехула. ГIемеркьеразулаб МахIачхъалагиха! Тира-сверизе, гIумру гьабизе унгояб бакI! Дие гьаб цIакъ къабуллъана.

***– Кин дуца постановкабазе тема бищулеб?***

– Гьел рукIуна гьаваялдаса-гIебеде. Пьеса цIалулаго, мун жанисан вухIун вачIуна! Гьеб цIадулъ гьелегьинчIого щибго лъугьунаро-дуца жеги актеразда рекIинабизе кколелъул гьеб. Цо-цо рекIунаро. Актерал квешал рукIун гуро. Пьесаялъе данде кколарел рукIун. Цинги балагьун чIезе ккола.

***– КидаллъагIан?***

– Цо-цо 20 соналъги балагьун чIола режиссер актерасухъ, гIолохъанлъуда цIалараб пьесаги рекIелъ рекIун, хIажатав чи вихьидал: «Гьале дов дир Гамлет! Ватаравго лъикI мун дида!» ян гьаракь борчIиледухъ. Гьедин гIумруялъ ракIарарал пьесаби лъечIогоги хутIизе бегьула, гьезул кIвар лъугIун ун. Амма спектаклялде свераpаб ва гIадамаз хъатчIваялдалъун къабул гьабураб гьеб режиссерасул, актеразул гIумруялда лъугьуна гIасияб, ракIалдаса унареб лъугьа-бахъинлъун.

***– Профессионалияб ишалда лъица дуде бищун асар гьабураб?***

– Дида гIемерал гьунар бугел цIарал рехсезе кIвела хIалтIулъ дидаго дандчIварал. Гьезул цояв Олег Николаевич Ефремовасул цIар босилин мисалалъе. Дида гьев лъикI лъалаан.

***– ХъачIав чи вукIанин абулеб битIараб бугищ?***

– Гьесул букIана жинцаго кутакалда цIунулеб позиция. ХIелун рагIи бицунароан, хIажалъани-столалда зарги балаан.





Гьеб буго художественияб принцип ккун чIей, гьеб жиндилъ гьечIесул театралда ишги гьечIо.

Гьеб гьечIого кинха?! Театралда гIицIго диктатура къабуллъула. Дуца босараб пьеса, гьелъул персонажал рагIа-ракьанде щун лъай дуца куцазе ккола актеразулъ. Дур кумекалдалъун дос хIакъикъаталдаги гIумру тIамизе ккола жиндирго героясул. Балагьарал гIодиледухъ. ГIодараллъидал чанги! Мисалалъе, нижер лъикIай актриса Дианка ДжахIбаровалъ пьесаялда пашманаб лахIзат хIалелъул, залалда хъат чIвазе лъугьуна. Гьеб буго доб хIалелда жийго актриса божун йикIиналъул ва режиссер хIисабалда дуца спектаклалде гьабураб асаралъул хIасил.

***– Театралъул режиссерлъун вахъине бокьарав кинал хасиятал чорхолъ гьечIого тIуваларев?***

– Инсанасда гьитIиналдасан бихьизе ккола гIаммаб. ГIаммаб гьитIин гьабизеги лъазе ккола. Дур ботIрониб буго байбихьудаса ахиралде щвезегIан спектакль. Дуца актрезда: «РачIа цо хIалбихьизе щиб лъугьунебали»-ян абулаго лъалеб букIуна дуда щиб лъугьине кколебали. Режиссерас борчIизабизе ккола актеразулаб фантазия, жиндиргоги букIине ккеларищха цин! Живго жиндаго тIадхIалтIизе, лъай борхизабизе тIадаб буго. Режиссер вукIине ккола эрудиция цIикIкIарав, кинабго рахъалъул лъай бугев чи. Кин гьес лъезе бугеб 18 гIасруялъул италиязул пьеса, гьеб заманалъул,улкаялъул щибго жоги лъаларого? Мизансцена ургъи-цо иш буго. Гьеб хIакъикъияблъун, гIумруялда букIараблъун цебечIезаби -цойгияб. Щиб букIинеб, доб заманалда гьедин кIалъалел рукIинчIел ратани, чIужугIадан бихьинчияясдехун гьедин балагьулей йикIун ятичIони, бихьинчияс актерас бихьизабуралда релълъараб иш гьабулеб букIинчIеб батани? 21 гIасруялъул Россиялда бегьараб 18 гIасруялъул Италиялда бегьуларо. Гьединлъидал, режиссерлъун вукIине бокьун батани-гIатIид гьабе дурго лъай!

***– Ахиралдаги аслияб суалги къелинщибизе ине кколел театралде?***

– Гьелъул кIвар буго инсан гIицIго кванирукъалдасан ва гIадалнахудасан гIуцIун гьечIелъул. Нейропсихологаз абухъе, нилъер ботIрода жанир рукIунел руго клеткаби, нилъер берда бихьулебщиналъул матIуялъусан гIадин рекIелъ хъвалел. Гьединлъидал театралда бихьизабизе ккола мустахIикъабги лъикIабги. Гоголица абухъе, театр буго дунялда гIемер лъикIлъи бихьизабизе кIолеб кафедра. ХIасил гьабун абуни, щиб гьабулел чагIиха ниж режиссерал, актерал, драматургал кколел? РухIияб дунялалда квалквадун, гьеб хIалтIизабулел чагIиха.

*Руслан Бакидов*


Бадиулжамал
Мусиева

# Рахьдал мацI – дир ватIаналъул рухI

***Бадиулжамал Мусиевалъулъ дида кидаго берцин бихьулаан гIагараб тумазул мацIалда берцинго кIалъазе ва йикıа-яхъине лъай. Лъай бугей, жигарай, творческияй, сабурай, захIмат хирияй инсан хIалтIана партиялъул райкомалъул секретарлъунги, Лак районалъул администрациялдаги, Муса Манаровасул цIаралда Гъумекиб бугеб музеялдаги. Кий хIалтIаниги гьей хутIана лъикIай инсанлъун.***
***Гьаб соналъ Бадиулжамал Идрисовналъ бана гIумрудул 75 сон.***

***– Бадиулжамал, бице дурго къалбазул, хъизамалъул, ватIаналъул.***

– Гьаюна дун рикIкIадаб 1949 соналъул квачараб февралалъ Табагьлу росулъ, захIматчагIазул хъизамалда. КIодоэбел Загьидат ГIабдуллаевна Анасова тIолабго гIумруялъ хIалтIана колхозалда, йикIана звеньеваялъун, цеехъанлъун. КIудияб ВатIанияб рагъул захIматалъулаб фронталъул гIахьалчIужуялъ Буйнакск шагьаралда, маххул нухазда аскIоб рухъана хандакъалги рахъалги. Эбел ХIалимат Мусиева рагъул соназ хIалтIана рукъарулеб гIартелалда, цинги хIанилгун нах гьабулеб заводалда. Лъеберго соналдаса цIикIкIун соназ хIалтIана Гъумекиб ва Лак районалъул почалда. ЧанцIулго мустахIикълъана республикаялъул нухмалъиялъул баркалаялъул кагътазе. Эмен Идрис МухIамадович Шурпаев вукIана жиндилъе вахунев цоги чи гьечIев махщел бугев «къирин чакмарду» – хьитазул устар. КIудияв эмен МухIамад вукIана меседил устар. Гьесул хIакъалъулъ хъван букIана «Легенды и были Кази-Кумуха» тIехьалдаги «Дагестанская правда» газияталда «Поставщик Его Величества» макъалаялдаги.

***– Кинав пачаясул хъулухъалдаха вукIарав дур кIудияв эмен?***

– Гьеб букIана Николай КIиабилесул заман. 1919 соналъ Мароккоялдаса вачIарав пачаясул вельможаясда Петербургалда меседил тIагIалабазул цебелъеялда рихьула кIудияв инсуца гьарурал «гьайбатал ва такрарлъи гьечIел берцинлъаби» ва гьес валагьула живго устар. АхIула гьев Мароккоялде гьоболлъухъ. КIудияв инсуца инкар гьабула. Африкаялдаса гьобол цойги нухалъ вачIуна: «Дур кверзул махщалихъ балагьизе дир рокъоре рачIуна нижер ханзаби, мун божа, мун дове вачIани бакъ баккила дир кIалгIаялда!»- ян нахъе къалев вукIинчIо улкабатIияв.

МухIамадица махсарабазде сверизабун тIаса бихьизабулеб букIаниги, вацаз гьесда малъула:

– Петербургалда ругел минаги устарасул рукъги кирего инаро, ниж ругелъул гьанир. Мун хал-шал гьабизе а, бокьичIони нахъвусса.

Гьедин кIудияв инсуца хIукму гьабуна Мароккоялде ине, гьесда цадахъго кьолола росуцояв, гьесул гьудул Куши Кушиевги. КIудияв инсул хабар лъала гIицIго чанго моцIалдасан. Гьес кагътида хъвалеб букIуна жив Фес шагьаралда цебе ахги бугеб кIудияб минаялда жанив Алжаналда киниги гIумру гьабун вугин, жиндирго хъизанги заманалдасан добе бачинилан. ЛъагIалидасан бачIуна хъизан ГIаишатие ва васазе ахIункагьат, амма гьей гьелдаса йохуларо. «ХIажат гьечIо дие чияр ракьалда алжан, жужахIалъул цIадабги йи-

жараб ракьалдаго бокьила!» – ян гьабула гьелъ росасе жаваб. МухIамадил эбел Мисидуцайин абуни, васасухъе битIула лъималазулги жидергоги гIаммаб сурат, ракIщунгıаги гьев тIадвуссинародаян.

1917 соналъул октябрь моцI, Россиялда бахъана лъимал умумулгун, вацал яцалгун, гьудул-гьалмагъи, гIагарлъи ратIа гьарураб инкъилаб. МухIамадие нухал къана ВатIаналде тIадвуссинеги хабар лъазабизеги. Гьаниб бихьизабизе ккола ГIаишат цIала-къализе лъалей, хIатта, турказулгун гIараб мацIал лъалей чIужугIадан йикIараблъи. Гьелъул букIана юкъаризеги хурдуздалъун дару-сабаб гьабизеги махщел.

МухIамадил васасул яс, гьесул эбелалъул цIар лъурай Меседу Идрисовна ккола филологиял гIелмабазул доктор. Гьелъул эбелалъул рахъалъ кIудияв эмен вукIана пахьул устар,берцинаб цIарагI биунаан гьес. Лъалаан Стамбулалдацин. Жамалутдин ИстIамулан абулаан гьесде.

***– Бадиулжамал, бице лъимерлъиялъул.***

– Бищун кIудияб рохел букIунаан, дарсаздаса хадуб кIодоэбелалъе кумекги гьабун, росдал хIорда хъещдезе ине. Гьанир ниж ругьунлъулаан конькабазда чIезе, хадур унаан КIудияб Ханзабазул хIорде нижерго «фигурнияб катаниялъе» бугеб махщел бихьизабе. БукIараб лъикIаб замана, аваданаб, эркенаб! ХIор бакьулъ лъолаан батIи-батIиял чирахъаз къачIараб елка. Гьелда сверун кьурдилел, хъещтIелел ниж лъималги!

РакIалде щола лалал тIамулелъул, оцазда нахъа рарал хъарщазда нижго рекIунел рукIараб куц! Школалдаги букIунаан кеп! ЦIияб жо лъазе гъира букIунаан. ХIалтIулаан школалъул радио, переменабаз музыкаги, школалъул харбалги кьолаан гьелдасан, какулаан тасамахIал цIалдохъаби. МугIалимзабиги рукIана цIакъ лъикIал!

6-абилеб классалда цIалулей дун 1963 соналъ йитIана «Артек» лагералде. Цадахъ рукIана Дагъистаналдаса 12 лъикI цIалулел школлъимал. 40 къоялъ хIухьбахъана нижеца бищун хъахIилаб ЧIегIераб ралъдахъ. Нижеда цадахъ доре ккана Юрий Гагаринил чIужуги ясалги. Жакъа гIадин ракIалда руго Леночкаги Галочкаги, гьезул эбел Валентинаги. КIодоэбелги йикIана гьезда цадахъ.

***– Кинха нуж ккарал Владимир областалде?***

Школа лъугIун хадуб цIализе лъугьана ДГУялъул къватIисел мацIазул факультеталъул паранг ва ингилис мацIазул отделениялде. Бокьун букIана таржамачIужулъун яхъине, дуниял сверизе. ДГУ



лъугІун хадуб дун йитІана Лаваши районалде Къуппа гьоркьохъеб школалде.

ХІалтІана класс ва школа тун къватІисеб хІалтІул рахъалъ директорасул заместительлъун, ингилис мацІалъул учительницалъун. Гьеб мехалдаго дун росасда йикІана. ЛъагІалидасан гьавуна вас – хІалтІизе тІадаб лъабго соналъ хІалтІана школалда гьитІинаб лъимергунги. БитІккана рукъалъул хозяйка ГІабидаттгун, гьелъ эбелалъ киниги гьабуна кумек. ЛъикІал гІадамал руго Къуппа. Хадуб хІалтІана гІагараб Гъумекиб школалъул комсомол гІуцІиялъул секретарлъун, хадуб-Лак районалъул комсомолалъул комитеталъул кІиабилей секретарьлъун. КІиго соналъ гьенийги хІалтІун ячана РАЙОНОялде школазул инспекторлъун, хадуй хІалтІана КПССАлъул Лак районалъул комитеталъул орготделалъул инструкторлъун. 1982 соналъ йищана идеологияб хІалтІул секретарьлъун. ЛъугІана Ростовалда областазда гьоркьосеб ТІадегІанаб партшкола ва гьенисан йитІана Лъабабилеб интернационалалъул цІаралда бугеб рессарухъабазул фабрикаялде парткомалъул секретарьлъун.

Хъизамалъулаб ахІвал-хІалалдалъун 1988 соналъ рахъине ккана Владимир областалъул Петушки шагьаралде. Гьенийги дун ячІарайго хІалтІизе йосана партиялъул райкомалъул орготделалъул инструкторлъун.

ТІаде гІунтІана улкаялъул гІумруялда пашманал, рихха-хочарал 90-абилел, биххана гучаб СССР, коммунист партия… Байбихьуда дун хІалтІизе лъугьана Покровалъул кванил нигІматазул комбиналде технологлъун, хадуй «СТАТС» гІемерпррофилазулаб фирмаялде гІаммаб отделалъул заведующийлъун.1993 соналъ яс гьайидал, тана хІалтІи. 2000 соналъ тІадруссана рокъоре, гІагараб Лакиялде, хІалтІизе лъугьана районалъул администрациялъул ишазул управляющиясул заместительлъун. Пенсиялде ун хадуй хІалтІана Муса Манаровасул цІаралда бугеб тарихиябгун гıагараб ракь лъазабиялъул музеялда хІалтІухъанлъун, хадуй директорлъун.

РакІалда чІана машгъурав космонавт Муса Манаровасулгун, гьесул лъималазулгун, цІар рагІарал художникал Хайруллагь Къурбановгун ва Арсен Къардашовгун ва гь.ц. къватІисел улкабаздаса рачІарал машгъурал ракьцоязулгун дандчІваял.

Доб мехалдаго рахъ ккуна дирго ракьцояй Лида Къурбановалъул цІар рагІараб Гъазигъумекдерил меседил угьари цІи гьабиялъул пикруялъул дица. ЗахІмат букІана Миллияб музеялда цере лъезе хІалтІабиги, данде кколел куналги, станокалги ралагьизе. Амма Лида Мусаевналъ рагІалде бахъинабуна гьеб иш, бергьана грант ва байбихьана умумузул махщел цІигьабизелъун жиндаго сверухъ руччаби ва гьитІинал ясал ракІаризе. «Гулавати» меседалъ угьари буго Гъумекдерил некІсияб махщел ва кверзул махщалил берцинал хІалтІаби (къадалъалаби, сумкаби, бусадул къайи-цІа) руго чанги музеязда…

***– ТаржамачІужульун яхъине ва дуниял бихьизе анищ хІоргойищха хутІараб?***

– Тилмачлъун яхъинчІо, амма дуниял бихьана! ЙикІана Югославиялда, Польшаялда, Болгариялда.

***– Дур яц Роза ХІажиевналъ бищана мацІазул гІелму...***

– Яцалъ меседил медалалда лъугІизабуна школа, гьей гьитІинаб къоялдаса нахъе тІахьал цІалулей йикІуна. Компьютералда нахъаса яхъинчІого, хІалтІула рахьдал мацІ цІуниялда тІад. Дун чІухІула тумазул хаслъи цІуниялъул шартІлъун кколеб мацІ цІуниялда гьелъ гьабулебщинаб хІалтІудаса!

***– Бадиулжамал, дуда гьедин бацІцІадго, чваххун бачІунеб рахьдал мацІалда кІалъазе лъаялъ гІажаиблъизарула...***

– Гьеб буго эбелалдасан ва кІодоэбелалдасан щвараб. Чанги жо лъалаан гьез бицунелдасан. Дир эбелалъ анкьго сон бараб мехалъ малъун буго гьелда кІодоца как базе. 1948 соналдаса нахъе КПССалда гъорлъ йикІаниги цІалулаан Къуръанги. КІодоэбелалъ, сверун ниж лъималги ракІарун, рицунаан гІажаибал маргьаби, рекІехъе рикІкІунаан «Бархъаллал Давди», «Парту ПатІима», «Гьухъаллал Къайдар» халкъиял кучІдул… Ниж рукъалдаса рикІкІад ругеб мехалъ эбелалъги хъван рачІунаан нижехъе жиндирго рокьул ва ургъалил цІурал кагътал, цо-цо кучІдул хъвазеги жуялаан. Гьей кІияйго чІужугІаданалъ бижизабуна нижелъ гІагараб мацІалде, ракьалде иллагьияб рокьи. Бегьуларо гьелъие хилиплъизе, рахьдал мацІ маданияталъул унго-унгояб бечелъи.

***Гара-чІварана***
***ПатІимат Рамазановалъ***



# Операция «Кето»!

***Дихъ рещтІуна туристал. Хабар-кІал, ихтилат-кеп! Киналго гьелъухъ къечон рукІун руго. Туристазул заман буго хІухьбахъи гьабизе, нилъер заман буго гьезие гьоболлъи гьабизе: кинабго данде ккун буго. Гьалбадерие нилъер буго тІубан батІияб гІумру. Бокьани босила гьез гьениса щибниги лъикІаб, рихани – тела. Нилъер тІабигІаталъул, хъизанал гІуцІцІун ругеб куцалъул, квен-тІехалъул гьезие бугеб асар бихьун, ракІ бохула дир. ГІажаиблъи гьабунги йикІуна, кинабго хъизанго цадахъ рахъун, 2-3 моцІ барал лъималги рачун, бокьараб бакІалде ине гьезул бажариялда. Гьамсукьегицин рахуна гьел, кодор лъималги ккун.***

Лъималги рукIуна гьезул жалго жидецаго тIурарал, разиял, гIемераб жо бихьарал, лъарал. Шагьаразул бетоналъул асирлъудасаги рорчIун, тIабигIаталде щварал гьез, нилъгогицин батIаго ралагьизе тIамула нилъерго тIабигIаталъухъ.

Цо гьединаб хъизан, эмен, эбел, вас ва яс, рокъоре тIоритIун заман инчIо. КIиго къоялдасан вацапалде бачIинеб буго, кинго кIочене кIолеб гьечIила гьал киналго къояз жидеда аскIоб букIараб цIахIилаб къватIул кето. Недегьаб ва тарбия щвараб гьелъ жидер ракIал риинарунила. Чанго къоялъ жибго телиланги рукIун, кIвечIила. Гьанже жидеца хIукму гьабунила гьеб балагьизе ва цадахъ бачине! 5-6 сагIаталъул нухги нахъа тун, гьеб катида хадур рачIине хIадур рукIана гьел. ЦIакъ гьарулеб букIана, балагьейила ва, жал тIаде щвезегIан, рокъоб кквейила гьеб кето. Гьеб рокъоб хьихьаралъухъ лъикIаб мухьги кьелила.

Дица бичIчIизабулеб букIана, нижер диналда рекъон кутул цIакъ къиматал рухIчIаголъаби ругила ва гьел ракъун, квачан толарилан. Амма Аннаца абуна, гьеб бичIчIулила, жидее гьеб кето цадахъ бачине бокьун бугила. Гьеб гьечIого жидехъа бажаруларила. Микьго сагIаталдасан щолеб бакIалда ругила жал, рачIинила, нужер рукъги ккун, цадахъ балагьилила кето.

Нижер рукъилан абуни, жеги моцIалъги гьединалго туристаз ккун буго. Гьал чагIазул бетIер сверун бугилан пикруги гьабун: «Рехеха сурат, кумек гьабила», – илан хъвана дица.

Росдал гьеб авалалда йигей цо гьалмагъалда гьарана, гьенир ругел кутузда гьоркьоб гьадинаб балагьейилан! Лъалей-хъвалей санитаркаялда гьарана, больницаялъул кваналел бакIазде рачIунел кутузда гьоркьоб гьадинаб кето гьечIищали балагьеян. Дир тIубараб портфолио гIуна бакIалъул кутузул суратал, гьезул авал-къоно, бокьулеб квен, кинабго гьезда хурхараб жанибе бакIараб.

Цо-цоял дицаго гьоркьоса чIарана, цоцо дозухъе ритIана... Кинго тIаде кколаро... Гьабилеб дарман щиб?!

Аннал хъизаналда хадубги нижер рокъоб цоги додинабго хъизан буго лъималгун. РакIалде ккана гьезул лъималаздаги цIехезе. Гьарана балагьеян, битIана сурат.

– ШашлыкIал кунеб мехалъ, цо лъабго кето букIана гьаниб женжедилеб, амма гьединаб букIинчIо, – йилан абуна Сергейица. Кумек гьабизе инкар гьабичIо, амма бичIчIизабуна, жал радал ун, къаси руссун рукIунила, кутузде регIун гьечIилан.

Нижер киназулго, кето балагьулеб командаялъул, гIададисеб хIалтIи бугилан ракIчIейцин букIана. Хадусеб къоялъ радал анцIгоялда Сергейица бачIана рехун катил сурат. У, гьале доб!

БитIана Аннахъе – у гьеб буго, гьеб! Амма тIаде щола къаси сагIат 11-12 ялде. Нужее квал-квал кколеб бугони, ниж машинаялда жанирго чIезеги рази руго.

– ТIубараб къоялъ рокъоб жаниб кето тезе гIадалалищ ниж ругел? Хадуб гьелда хадуб бакIаризе, – илан зурзудилев вукIана Сергей.

– Дуе талихI кьегийин, дурги лъималги руго, гьабе лъикIаб иш, – илан гьардана дун.

Рази гьечIого вукIаниги, гьес кето рокъоб тана, живго магIарде ана, гьезул щибаб сагIат рикIкIун букIунелъул сундуего бихьизабун.

Къаси анцIгоялдехун байбихьана. Анна (кето) кIалъала дихъе, дун кIалъала Сергейихъе (кето), кире щваралилан. Гьалмагъ Хадижат (кето) кIалъала батарабищ доб кетойилан, Аминат больница (кето) кIалъала катил щиб ккарабилан?! Роржунел самолетал, лъедолел пароходал катиде саламилан!!

Свакана, кватIараб заман, хъизан буго дунилан, дун йиго кетойилан! Цоцазде кIалъазе бегьулародай алилан йиго дун – синхронизатор?! Изнуги цIехон, цоцазухъе ритIана номерал.

Огь, лъугIана, кьижизе яхана, амма кисаха кьижулей... Дир гьалбал дандчIван руго, гьудуллъи ккун буго, гьанже цадахъ кетогун цIиял суратал, дихъе видео-цIумур...ДандчIваялъул асаралъул тIубураб феерверк буго! Ниж киналго гIагар гьаруна гьеб кетоялъ.

Кето ана. Нухдасанги цо нусгониги сурат бачIана рехун. «Щвана сах-саламат рокъоре, кето ругьунлъулеб буго, амма жеги тарщидаса хIинкъулеб буго»... «Расги ургъел чIваге, гьеб буго дагъистаналъул кето, тарщилгунги данде ккела гьелъул. Гьединал руго ниж дагъистаниял!»

***Раисат ХIайбулаева***



Садия
Даветеева

# Парижалда кечI-бакъан...

***Чанго соналъ цебе, Гостелерадио «Дагъистаналда», лъималазул ва гIолилазул программабазул редактор хIисабалда, цо передача хIадурулаго дихъе Садия Даветеевалъул кучIдузул кассета щвана. Гьеб мехалъ дида гьей лъазего лъалароан. Гитараялда гъоркь гьелъул берцинаб гьаракьалъ ахIулел кучIдул рагIаралдаса, дун гьелъул пагьму-гьунаралъул къимат ва хIурмат гьабулейлъун лъугьана, ва хадубккунги кIудияб хIалтIи гьабуна, бахчун щиб гьабилеб, гьей гIадамазда рагIизайизе.***
***Чанго соналдасан ниж дандчIвана хъуй гIемераб кIудияб тадбиралда гурел, гIатIидаб гьелъул хIалтIул кабинеталда, ва аралъул бицунел, букIинеселъул анищазда, нижерго хабаралда рукIана...***

**Нижер досье:** *Садия Насрудиновна Даветеева гьаюна Бабаюрт районалъул Мужукай росулъ. 9 класс лъугIигун цIализе лъугьана МахIачхъалаялда Готфрид ХIасановасул цIаралда бугеб музыкалияб училищеялде. Гьале 40 сон буго маданият цебе тIезабудей йигелдаса. ГьабсагIат гьелъ нухмалъи гьабулеб буго Бабаюрталъул ГIадатияб культураялъул Центр «Тангчолпаналъе». Гьей йиго Дагъистаналъул маданияталъул МустахIикъай хIалтIухъан. Гьей йиго районалъул руччабазул союзалъул председательги. Профессионалияб ва ракIбацIцIадаб хIалтIухъ гьей мустахIикълъана Дагъистаналъул руччабазул Союзалъул «ВатIаналде бугеб рокьиялъухъ» медалалъе. Цоги бищунго аслияб: Садия Нурудиновна йиго лъикIай эбел, гьединго берцинай, гвангъарай, тIаде ракI цIалей чIужугIадан.*

– КочIоде рокьи дир гьитIинаб мехъалъ рагIарал кинидахъ кучIдуздаса нахъего буго. КIудияй гIунагIан гьеб дагьлъичIо, дагьабги кIодолъун дир гIумрудул бутIа, кидаго цадахъ бугеб гьудул-гьалмагълъун лъугьун гурони.

80-абилел соназ, дун муз училищеялда цIалулеб заманаялъ, дир кIудияй яц Рупия йикIана институталъул студентка ва гIемерай ахIулаан жидерго «Хрусталик» ансамблялде кечI ахIизе ва гитираялда хъвазе. Ансамбль гIуцIцIун букIана махщел камилав врач, педагог, гьединавго музыкант Шамхал Шамхаловас. Гьесул хIаракаталдалъун нижеца «Студентазул их» конкурсалда чанцIулго босана бергьенлъи. Тележурналист Шарапудин Сулеймановас гьеб заманаялъ студиялда хъван букIана чанго дир кечI, гьел щун




ратула духъе. Гостелерадиоялде хIалтIизецин ахIулей йикIана. Амма дун, цIали лъугIигун, ракIалъ росулъе цIана.

***– Мун Бабаюрталъул музыкалияб школалдейищ хIалтIизе лъугьарай?***

– У, гьеб лъималазе байбихьул музыкалияб кьучI лъолеб школалде хIалтIизе ин, дица тIаса бищараб битIараб нух букIиналда ракI чIола дир жакъа къоялъги. Школа лъугьана дие кIиабилеб рукълъун, рохалил, байрамазул, творчествоялъул цIураб цIияб дуняллъун.

Боржун ана 5 сон ва цо сентябралъул къоялъ дун ахIана райком партиялъул тIоцевесев секретарь Касимов Биярсланихъе. ГIемер хабар халат гьабичIого гьес абуна: «Нижее некIого загьирлъана дур гIуцIцIарухъанлъиялъе бугеб махщел, культура цебетIезабизе ва кочIоде бугеб рокьи. Райкомалъул бюроялъ хIукму гьабуна мун гьеб музыкалияб школалъул директорлъун тIамизе. Нижер ракIчIола дуца гьеб хIалтIи лъикI цебе бачиналда», – йилан. Гьанже нечон щиб гьабилеб, бачинеги бачана! Дихъа кинабго бажарана. Нижер жигаралдалъун ва культураялъул министерствоялъул кумекалдалъун, къокъаб заманалда жаниб, гьитIинабго школалъул гьабуна берцинаб, къачIараб маданиябгун хIухьбахъиялъул центр, киналго районалъул росабалъ филиалалги ругеб. Гьенир лъималазда малъана кьурдизе, кечI ахIизе, музыкалиял алатазда хъвазе, суратал рахъизе, рукъаризе, угьаризе. Рагьана литературиял студиял. Байрмал, концертал, конкурсал, фестивалал, тематикиял вечерал – хIалтIи унеб букIана... Ниж лъалеллъун лъугьана...

***– Дур кабинеталда ругел дипломазухъги шапакъатазухъги балагьун, нуж лъалеллъун лъугьун руго нилъер республикалда гурелги.***

– Бащдаб пачалихъ нижеца сверана. Щвана тахшагьар Москваялдеги. Нижер церерахъинал рихьана Сочиялда, Крымалда, Геленджикалда, Владикавказалда... ЦIакъго ракIалда чIана Оренбургалда букIараб фестиваль. Гьениб жюриялда рукIана машгьурал кочIохъаби ва композиторал: Олег Газманов, Бари Алибасов, Николай Цискаридзе ва цогидалги. Гьез кьурал тIадегIанал къиматаз жеги гIемерал соназ цере хIалтIизе куркьбал гъуна нижеда. Кирго рукIана лъикIал дандчIваял. Ниж чIухIула нилъер ватIан, гьелъул бечедаб маданият цогидазда къадруялда бихьизабун бажариялдаса.

***– Доб цо Эйфелил сидухъ ккарабги бицеха...***

– 2009 соналъ, АО «Газпром Дагъистаналъул» генералияв директор Керим ХIусеновасул кумекалдалъун, Россиялъул «Лаукараз» фирмаялъ нижее Европа-

ялда турне гьабуна. ГІемерал немцазда, французазда, поляказда, бельгийцазда, тІоцебе рагІун ва бихьун батилин ккола нилъер культура. Гьез лъай-хъвай гьабуна лъарагІазул гІажаибаб кочІол дунялгун, гьединалго хехал кьурдабигун, кІвар кьун гІенеккана миллиял музыкалиял алатазухъ. Рихьизе лъикІан сценаялда роржанхъулел нилъер чухъа ретІарал васазухъ ва хъабало ретІарал ясазухъ гьел ралагьун рукІарал куц!

Концертазда рукІун, нижее кинго рес щолеб букІинчІо шагьаралда экскурсия гьабизе. Рокъосезги щибиланха абилеб, Парижалдеги щун, Эйфелил сидухъеги щвечІого ниж рачІани. Гидасда лъикІго гьаризе ккана ниж гьенире рачейилан. ГІемерав чи вугоан гьелда аскІор. Цо сидул тІалаялда, лъикІго гІурус мацІги лъалев, поляк вугоан аргъан хъвалев. Дихъ гитараги букІна. Гьоркьоб заманги батун, дица гьелда «Ананай десем, ананай» бакъан бачана, тІад рекъезабеян гьесдаги гьарана. ЛъикІ дихъги гІенеккун, бачана гьесги. Парижалъул зодикь гитараги аргъанги... Ва нижеца киназго цадахъ гьеб кечІ ахІана. Гьенив гІемерав чи вакІарана ва хъат чІвазе лъугьана. КьурдичІогоги тІуралищха, гьединаб кечІ-бакъаналда гъоркь. Нижеда гьарулеб букІана унгейила, дагьалги кучІдул ахІейилан. Амма нижер заман букІинчІо, нижехъ балагьун букІана автобус. Гьеле гьединаб букІана лъугьа-бахъин.

***– Кинал творческиял коллективал гІуцІцІун ругел нужер централда, дурго коллегабазул хІакъалъулъ щибилан дуца абилеб?***

– ТІоцебе абуни, рикІкІентун гІемерал конкурсазулги фестивалазулги лауреат «Бабаюрт» ансамбль. Жидер берцинал гьаркьаз киналго хІайран гьарулеб халкъияб хор «ЛъарагІлъиялъул гьаракь». Буго нижерго ХІалкъияб театр ва батІаго лъималазул театралияб студияги...

Нижер щивас ракІбацІцІадго гьабула хІалтІи, батІияб къагІидаялъ бажарулаго. Гьадинаб командагун бокьараб хІалтІи гьабун бажарула. Дун талихІай йиго гьалгощинал соназ, гІадамазе рохел бикьизе мурадалда хІалтІулел, жигарал, аваданал гІадамалгун хІалтІизе щвеялдалъун.

***– Дурго хъизаналъулги бицеха. Дур гьелъие замангІаги гІолебищ?***

